

ISTWA VI M



Annou bese tèt nou jis yon moman pou priye.

Papa nou nan Syèl k ap fè gras la, tout bon se privilèj pa nou pou n ap apwoche W, Bondye epi Sovè nou an. Lè n ap tandè chan mèveye sa, *Ala Ou Gran*, sa fè nou tresayi paske nou konnen ke W gran. E nou priye ke grandè W va manifeste ankò pou nou, apremidi a, pandan n ap pale. E tou pa m rive, pou premye fwa depi plizyè lane, pou m eseye retounen nan vi pase m, e mwen priye ke W va ban mwen fòs ak—ak sa m bezwen ye, Seyè, nan lè sa a. E ke tout erè mwen nan lavi sèlman sèvi machpye pou lòt yo, ke sa ka mennen yo pi pre Ou. Akòde l, Seyè. Ke pechè yo wè mak pye sou sab tan an, e ke yo kondwi yo al jwenn Ou. Nou mande bagay sa yo nan Non Seyè Jezikri. Amèn.

Nou mèt chita.

² [Frè Glover di: “Èske w ka priye pou mouchwa sa yo anvan w kòmanse?”—Editè a.] Sa ap fè m plezi. [“Gen *sa yo* ak *silà yo* ki bezwen priyè.”] Dakò, mesye, mèsì. Tankou òm sen sa, Frè Glover, ke m konnen kounye a depi kèk tan, m te gen privilèj pou m te avè l yon ti moman yè swa. E l te di m konsènan . . . li t al lonje pou yon ti moman, ap repoze l. Epi bon, a swasannkenzan, li retounen ankò nan sèvis Seyè a. Mwen pa gen mwatye fatig mwen te genyen anvan m te tandè sa. M te panse m te fatige, men mwen—mwen pa kwè m la a. Li jis mete kèk mouchwa isi a pou mwen, sou—sou fòm anvlòp, e latriye, kote yo tou anndan epi yo deja ak tout tenb.

³ Kounye a, nenpòt nan nou ki branche sou radyo, oswa isi a, ki vle youn nan mouchwa sa yo, e nou ta . . . Tanp Angelus la toujou voye yo, tout tan. Ou ta ka ekri Tanp Angelus isi a menm epi yo va priye sou li, paske mwen garanti w ke se Lekriti. Se yon pwomès Bondye.

⁴ E si sa ta rive ke w ta vle se mwen ki priye sou youn pou ou, franchman, m ap kontan fè sa. Ou ta ka jis ekri m nan bwat biwo lapòs 3-2-5, 325, Jeffersonville, ki ekri J-e-f-f-e-r-s-o-n-v-i, de l, e. Jeffersonville, Indiana. Oswa si w pa ka sonje bwat biwo lapòs la, annik ekri “Jeffersonville.” Se yon ti vil, popilasyon an nan trantsenk mil yo. Tout moun konnen m la. E kifè nou t ap kontan priye sou yon mouchwa epi voye l pou ou.

⁵ E, bon, nou te gen gwo siksè nan fè sa, paske . . . Ou va gen yon ti modèl lèt avè l, ke gen moun atravè lemond ki priye chak maten a nevè, epi a midi epi a twazè. E ou ka imajine, toutotou lòtbò mond lan, ki lè yo dwe leve lannwit pou fè priyè sa. Alò si tout dizèn milye sa yo, epi konbyen fwa milye, ap voye priyè bay Bondye nan menm moman an menm pou ministè sa, pou maladi w, Bondye jis pa ka vire do bay sa. E kifè kounye a nou, jan mwen

di a, nou pa gen okenn pwogram, nou pa bezwen senk kòb penich. Nou jis . . . Si nou ka ede w, se pou sa nou isi a. E an nou . . .

Men yon moun k ap pote yon lòt pake mouchwa.

⁶ Bon, si w pa gen yon mouchwa ke w ta vle voye, ebyen, alò jis ekri, kanmèm. Si w pa bezwen l toutswit, kenbe l nan Liv Ak, nan Bib la, chapit 19 la. Epi va gen yon fòm de ti riban blan ke yo va voye ba ou, ak enstriksyon sou kijan pou konfese peche w an premye. E (mèsi) kòman pou konfese peche w yo. Ou pa dwe janm eseye jwenn anyen nan men Bondye san w pa dwat ak Bondye dabò. Ou wè? E konsa ou resevwa enstriksyon ladan l pou rele vwazen w yo, ak pastè w. Si w gen kwakseswa ki nan kè w kont nenpòt moun lan, al mete sa annòd dabò, epi tounen. Epi apre sa priye, fè yon reyinyon priyè lakay ou, epi tache mouchwa sa ak souvètman w, apre sa kwè nan Bondye. Epi a twazè tapan, chak jou, pral gen moun toupatou nan lemonn k ap lapriyè, yon chenn toupatou nan lemonn.

⁷ E kounye a li se pa w, absoliman gratis, jis voye l. E—e, bon, nou p ap tounen ekri w pou mande w lajan oswa pou pale w de kèk pwogram ke n genyen. Nou vle w soutni pwogram, men nou pa—pa gen okenn ke w dwe soutni. Ou wè? Kifè ou . . . Se pa pou gen adrès ou, se jis senpleman yon aranjman ak yon ministè pou Seyè a, ke n ap eseye pouswiv.

⁸ Kounye a ann bese tèt nou. E si w ap koute nan radyo, depoze mouchwa w la la, jis mete pwòp men w sou li pandan n ap priye.

⁹ Seyè Ki fè gras la, nou pote ti pake sa yo ba Ou, petèt kèk nan yo sanble yo se petèt ti jile pou bebe, oswa—oswa kèk ti kamizòl, oswa petèt yon ti pè choson, oswa—oswa yon bagay konsa, yon mouchwa, ki pral jwenn malad ak aflije yo. Seyè, se dapre Pawòl Ou ke nou fè sa. Paske nou li, nan Liv Ak, ke yo te pran mouchwa ak tabliye, ki te sot sou kò sèvitè W, Pòl, paske yo te kwè ke Lespri W te sou nonm lan. E espri enpi te soti sou moun yo, epi afliksyon ak maladi te kite yo, paske yo te kwè. E kounye a nou reyalize, Seyè, ke nou pa Sen Pòl, men nou konnen ke Ou toujou rete Jezi. E nou priye ke W va onore fwa moun sa yo.

¹⁰ E yo te di yon fwa ke lè Izrayèl, t ap eseye obeyi Bondye, te tonbe nan yon pyèj, lanmè a devan yo, mòn chak kote, e lame Farawon t ap pwoche. E youn te di ke “Bondye te gade anba atravè Kolòn Dife sa, ak je an kòlè, e lanmè a te vin pè epi li rekile pou kont li tounen, epi l te fè yon pasaj pou Izrayèl te travèse al nan latè pwomiz.”

¹¹ O Seyè, gade anba ankò, lè pake sa yo va poze sou kò malad yo an souvni Pawòl vivan W lan. E ke maladi a vin pè, gade atravè San Pitit Ou a, Jezi, Ki te mouri pou ekspyasyon sa. E ke lènmi an vin pè epi rale kò l, pou moun sa yo ka avanse nan pwomès la, ke “Anvan tout bagay,” ke se dezi pa W “ke nou pwospere nan sante.” Akòde l, Papa, piske nou voye l ak sa—ak atitid sa nan kè nou. E se objektif nou. Nou voye li lan Non Jezikri. Amèn.

Mèsi, Frè Glover. Mèsi, mesye.

¹² Bon, piske aswè a se fen pati sa nan revèy la, mwen pa konn si y ap bay li nan radyo ou non, men mwen ta renmen di (si se pa sa) a moun k ap tandè nan radyo yo, ke se te youn nan pi bèl reyinyon ke m te genyen depi plizyè, plizyè lane. Se te youn reyinyon solid, djanm, ak plis lanmou, kolaborasyon ke m te patisipe depi lontan.

¹³ [Yon frè di: “Nou sou lèzond jiska katrè e ka, frè. E y ap koute w, toupatou nan sid Kalifòni, soti nan zile yo, epi sou bato yo. Nou resevwa mesaj de yo. E kifè ou gen youn gwo oditwa, dè milye e dè dizèn de milye.”—Editè a.] Mèsi, mesye. Se trè byen. M kontan tandè sa. Bondye beni nou tout.

¹⁴ E se sèten m toujou gen youn plas espesyal nan kè m pou Tanp Angelus la, poutèt pozisyon l pou Levanjil konplè Jezikri a. E, kounye a, li—li sanble li vin pi pèsònèl pou mwen kounye a. Ta sanble ke, apre m fin rankontre tout moun pou wè bèl lespri yo, se kòm si mwen jis se youn nan nou plis pase jan m te konn ye a. Bondye beni nou, se priyè pa m. E . . . [Asanble a bat bravo—Editè a.] Mèsi, jantiman.

¹⁵ Bon, sa te deside ke jodi a m ta dwe on jan pale avèk nou on moman sou: *Istwa Vi M*. Sa se youn—youn bagay difisil pou mwen. Se pral premye fwa m ap eseye abòde sa depi plizyè lane. E m pap gen tan rantre nan detay yo, men jis youn pati ladan l. E, isi a, m te fè anpil erè, fè anpil bagay ki pa bon. E dezi pa m, se ke noumenm k ap tandè nan radyo ak noumenm ki prezan, ke nou pa pran erè m yo pou wòch k ap fè nou bite, men pou machpye k ap mennen nou pi pre Seyè Jezi.

¹⁶ Kifè, aswè a, fò kat priyè yo distribye pou sèvis gerizon aswè a. Bon, lè nou pale de *sèvis gerizon*, sa pa vle di ke nou pral geri moun, nou pral “priye pou moun.” Se Bondye ki fè gerizon an. Li jis fè m anpil gras, pou reponn priyè m.

¹⁷ E m t ap pale ak manadjè a de youn kokenn evanjelis, isi a sa fè kèk tan, e—e yo te mande poukisa evanjelis sa pa priye pou malad. Epi evanjelis la te reponn manadjè reyinyon m yo—you, li te di: “Sì . . .” Evanjelis sa kwè nan gerizon Divin. Men si l ta kòmanse priye pou malad, sa t ap entèwonp sèvis li yo paske se legliz yo ki patwone l. Anpil legliz, e anpil nan yo, pa kwè nan gerizon Divin.

¹⁸ Alò mwen gen onè ak respè pou evanjelis la paske li ret nan plas li, nan pozisyon travay li. Li ta ka petèt . . . M pa t ap janm ka pran plas li, e m doute ke l ta ka pran plas mwen. Nou tout gen youn plas nan Wayòm Bondye a. Nou tout mare ansanm. Don yo diferan, men se menm Lespri a. Manifestasyon yo diferan, m te vle di, men se menm Lespri a.

¹⁹ E, kounye a, aswè a sèvis yo ap kòmanse . . . Mwen kwè yo te di konsè a ap kòmanse a sizè edmi. E, bon, si nou branche sou radyo, vin tandè sa. Li se . . . Sa pral bèl, li toujou konsa.

²⁰ E alò m swete di ke kat priyè yo ap distribye touswit apre sèvis sa, jis osito sèvis sa fini, si w isi a e ou vle yon kat priyè. Yo fè m konnen anndan la sa fè jis yon moman, pitit gason m lan oswa Mesye Mercier oswa Mesye Goad, yo pral distribye kat priyè. Jis ret chita nan plas nou. Osito sèvis la fini, jis ret chita nan plas nou pou ti mesye yo ka pase nan liy la epi aranje yo pou kat priyè yo distribye jis osi vit posib. Sa pral fèt nan balkon yo oswa nan etaj anba a, nenpòt kote, nan etaj ki pi ba yo oswa nenpòt kote w ye, jis ret chita nan plas nou epi ti mesye yo ap konnen ke nou isi a pou yon kat priyè. Epi aswè a nou va priye pou malad. E si Seyè a pa chanje panse m yo, mwen vle preche aswè a sou sijè, *Si Ou Va Montre Nou Papa A, Sa Va Satisfè Nou*.

²¹ Bon m swete li kòm tèks apremidi a, jis pou kòmanse *Istwa Vi* a, w ap jwenn li nan Liv Ebre, chapit 13, epi ann kòmanse bò isi a . . . M ta di bò vèsè 12 la.

Se poutèt sa Jezi tou, pou l te ka sanktifye pèp la ak pwòp san pa li, te soufri lòt bò pòtay la.

Ann soti al . . . poutèt sa jwenn li lòt bòt pòtay lakou a, pou n pote wont li.

Paske isi a nou pa gen yon lavil ki la pou tout tan, men n ap chache youn ki gen pou vini.

²² Bon se yon bon jan pasaj sa. Paske, ou wè, si se istwa yon vi, oswa nenpòt bagay ki gen rapò ak èt imen, nou pa glorifye sa, e sitou vi pase yon—yon nonm, si l te nwa tankou pa m la te ye. Men m te panse, si nou li Lekriti, Bondye t ap beni Lekriti. E panse pa m se:

Ke isi a nou pa gen yon lavil ki la pou tout tan, men n ap chache youn ki gen pou vini.

²³ Bon, m konnen ke nou se gwo fanatik Los Angeles. Se dwa pa nou. Se yon vil ki gran, ki bèl. Avèk bwouya li ak ki lòt bagay, sepandan se yon bèl vil, bon klima. Men vil sa pa ka kontinye, fòk li gen yon fen.

²⁴ M te kanpe nan lavil Wòm (kote w jwenn gran anperè yo) e nan vil ke yo bati yo te panse k ap ret imòtèl, se pou w fouye ven pye anba tè pou menm jwenn rès yo.

²⁵ M te kanpe kote Farawon yo te gen gran wayòm yo, ou ta dwe fouye anba tè a pou jwenn kote gran Farawon yo te reye.

²⁶ Nou tout renmen panse a vil nou epi kote nou soti. Men, sonje, yo pa ka ret kanpe.

²⁷ Lè m t on ti gason m te konn ale bò yon gwo pye erab. Nan peyi m nou gen anpil pye bwa di. Epi nou te gen pye erab sa yo, sik erab la, e sa nou rele “erab di” a ak “erab mou” an. Gwo kokenn pyebwa sa, se te li pi bèl pyebwa a. E lè m t ap antre soti nan chan yo, sot travay nan pay ak—ak rekòlt yo, m te konn renmen ale bò gwo pyebwa sa epi—epi chita anba l epi—epi gade anlè. Epi m te ka wè, gwo tonton branch li yo ap balanse nan van an, gwo papa

tronk. E mwen di: “Ou konnen, m kwè ke pyebwa sa pral isi a pandan plizyè santèn ak santèn lane.” Sa pa fè lontan m te voye je m gade vye pyebwa a, se jis yon vye chouk.

²⁸ “Paske isi a nou pa gen yon lavil ki la pou tout tan.” Non, pa gen anyen isi a sou tè a ke w ka gade ki pral kontinye. Li dwe gen yon fen. Tout bagay ki mòtèl dwe kite plas li pou imòtèl. Kidonk kèlkeswa jan nou byen konstwi otowout nou yo, kijan nou byen fè estrikti nou yo, tout gen pou pase, paske isi a anyen pa ka kontinye. Jis Envizib la se sila k ap kontinye.

²⁹ Mwen sonje kay kote n t ap viv la, se te yon vye kay an bwa bouche ak labou. Mwen . . . Petèt li posib ke gen plizyè ki pa t janm wè yon kay bouche ak labou. Men li te badichonnen nèt ak labou, epi gwo bout bwa sa ki te nan vye kay la, m te panse ke kay sa t ap kanpe pandan plizyè santèn lane. Men, ou konnen, jodi a kote kay sa te kanpe a se yon pwojè konstriksyon ki la. Li si tèlman diferan. Tout bagay ap chanje. Men . . .

³⁰ E m te abitye wè papa m, li te yon nonm ase kout, foule, ak anpil fòs, e li se youn nan ti mouche kout ki pi djanm ke m te konnen. M te rankontre Mesye Coots, yon patnè ke l te abitye travay avè l nan bwa ki won yo, li te yon bichwon, e sa fè apeprè ennan, e Mesye Coots se yon trè bon zanmi m, e se yon dyak nan Premye legliz Batis la, e li di: “Billy, ou ta dwe yon nonm ak vrèman anpil fòs.”

E m di: “Non, mwen pa sa, Mesye Coots.”

³¹ Li di: “Si w te pran kot papa w, se sa w t ap ye.” Li di: “M te wè nonm sa, ki peze sankarant liv, ap chaje yon bout bwa won nan yon charyo pou kont li, ki te peze nèfsan liv.” Li te jis konnen kòmnan pou l fè l. Li te djanm. M te wè l ap vini nan kay la pou lave men l epi pare l pou dine, lè Manman t ap rele l.

³² E nou te gen yon vye pye pòm nan lakou devan an, epi te gen twa ou kat pi piti ki te lonje al dèyè. E dwat nan pyebwa ki nan mitan an te gen yon vye moso glas, ki te kraze, yon miwa, youn ki laj. E li te klouwe sou kote pyebwa a ak kèk klou plwaye sou li. On jan tankou kèk nan nou chapantye k ap koute yo ta rele “sèsò pou manto.” Yo te plwaye l pou kenbe glas la nan plas li. E te gen yon vye peny an fèblan. Konbyen moun ki janm wè yon vye fèblan . . . ansyen modèl peny an fèblan? M jis ap gade l la.

³³ Epi la te gen yon ti ban pou lave w, jis yon ti planch ak yon ti pye panche anba l, klouwe sou pyebwa a. Te gen yon vyep, ti, ponp ak mwatye sant souf la a ke nou te konn ponpe dlo, epi nou te konn lave kò nou bò vye pyebwa sa. Epi Manman te konn pran sak farin pou fè sèvyèt. Èske gen moun ki janm itilize sèvyèt ki fèt ak sak farin? Ebyen, mwen si m santi m lakay kounyea. E gwo, vye sèvyèt rèd sa yo! E lè l t ap ba nou ti maymay yo on beny, li t ap . . . ou santi tankou l ap rache po a chak fwa l te fwote. E m sonje vye sak farin sa. E l te konn rale kèk fil ladan l, fè ti ponpon, on jan pou dekore l.

34 Konbyen moun ki te janm dòmi sou yon nat? Ebyen, mwen pral—pral di! Konbyen moun te janm konnen kisa yon zòrye pay te ye? Ebyen, Frè Glover, mwen lakay kounye a, m ase si! Nat, ebyen, sa pa fè twò lontan depi m jis soti sou youn, e se te . . . O, se—se bon dòmi, fre. Apre sa lè sezon ivè yo pran ansyen kabann plim yo epi lonje sou li, ou konnen, epi apre sa yo dwe mete yon moso twal anlè tèt nou paske nèj la t ap soufle nan fant yo—yo—yo ki nan kay la, ou konnen, kote vye bado an planch yo t ap leve, ou konnen, e nèj la t ap glise antre ladan l. E, o, m ka sonje sa trè byen.

35 Epi Papa te konn gen yon blewo pou fè bab. Mwen . . . Kounye a sa pral manyen nou. Li te fèt ak po mayi, yon blewo pou bab ki fèt ak po mayi. Li te konn pran vye savon lesiv ke manman te fè a, ranje li epi pase l nan figi l ak bwòs ki fèt ak po mayi sa, epi raze l ak yon gwo, vye razwa dwat. Epi le dimanch li t ap pran moso papye yo—yo, kole toutotou kòlèt li, yo te konn mete kòlèt ak seliloyid epi mete li toutotou kòlèt li konsa pou anpeche kim lan—lan—lan pran nan kòl chemiz li. Èske nou janm wè sa fèt? Franchman, o la la, o la la!

36 Mwen sonje yon vyep ti sous fon anba la, kote n te konn al bwè dlo, epi pran dlo nou mete nan yon vye kalbas. Konbyen moun ki janm wè yon kalbas? Ebyen, konbyen nan nou ki sot Kentucky, jan l ye la? Ya, ebyen, jis gade moun Kentucky yo isi a. Ebyen, o la la, mwen—mwen jis nan . . . M te panse tout se te moun Oklaoma ak Akanzas isi a, men sanble Kentucky ap debake. Ebyen, yo te jwenn petwòl nan Kentucky sa fè kèk mwa, ou konnen, alò petèt sa se kèk nan yo k ap vin bò isi a.

37 E alò mwen sonje lè Papa te konn rantre epi fè twalèt li pou dine, li te konn twouse manch li yo, epi gwo ti bout ponyèt li. E lè l te konn lonje bra l pou lave l, voye dlo nan figi l, bibit sa yo jis gonfle nan ti ponyèt li. Epi m te di: “Ou konnen, papa m va viv jiska sansenkant an.” Li te tèlman djanm! Men li mouri a senkantdezan. Ou wè? “Isi a nou pa gen yon vil k ap dire tout tan.” Se vre. Nou pa ka dire tout tan.

38 Kounye a ann fè yon ti vwayaj, nou tout. Gen chak nan nou isi a ki gen yon istwa vi, jis menm jan avè m, e li bon pou pwomennen nan vi pase a tanzantan. Nou pa panse sa? Jis tounen deyè, epi annou tout retounen pou yon moman, retounen nan eksperyans sanble ak lè n te timoun piti.

39 E kounye a premye pati nan istwa vi a. M ap jis f on ti pase sou li, paske li nan liv la e anpil nan nou gen liv la.

40 Mwen te fèt nan yon ti kabàn nan mòn, anlè nèt nan mòn Kentucky yo. Yo te gen yon sèl chanm kote nou te viv, pa t gen tapi atè a, pat menm te gen planche atè a, se te jis atè a toutouni. Epi yon chouk bwa, anlè tèt yon chouk bwa ki koupe ak twa pye anba l, se te tab nou sa. E tout ti Branham sa yo t ap fè pil arebò l, epi deyò a devan vye ti kabàn la, epi woule deyò a, sanble kote

yon pakèt oposom te fin woule deyò a la nan pousyè a, ou konnen, tout ti frè m yo. Te gen nèf nan nou, epi yon sèl tifi, e l te reyèlman pase yon moman difisil nan mitan pakèt gason sa yo. Nou dwe respekte l ankò jodi a pou bagay ke n te fè nan jou sa yo. Li pa t ka al avè nou pyès kote, nou t ap fè l tounen, li te yon tifi. Alò li pa t ka sipòte l, ou konnen. Kifè nou te gen . . . Epi tout . . .

41 Sonje ke dèyè tab la nou te gen jis de chèz, e yo te fèt ak lannye branch bwa. Jis plizyè vyep ti pye ikori yo makonnen ansanm, epi anba yo te mare ak lannye pye ikori. Èske gen moun ki te janm wè yon chèz fèt ak lannye pye ikori? Ya. E m ka tandè Manman ankò. O, pita lè nou te rive nan yon pozisyon kote l te ka gen yon planche an bwa, ak ti bebe sa yo sou janm li *konsa*, epi ap dodine vye chèz sa jis bang, bang, bang sou planche a. E m sonje pou anpeche ti piti yo soti nan pòt la, lè l ta pral lave oswa yon bagay konsa, li te konn lonje yon chèz atè a epi vire l on jan an kan atravè pòt la, pou anpeche ti piti yo soti lè l te dwe al nan sous la pou pran dlo, e latriye.

42 E Manman te gen kenz an lè m te fèt, Papa te gen dizuit. E se mwen k te premye nan nèf timoun yo. E yo te di m ke jou maten m te fèt la . . .

43 Bon, nou te trè pòv, jis pi pòv pami pòv. E nou pa t menm gen fenèt nan ti kabàn sa. Li te gen tankou yon ti pòt an bwa pou w louvri. Mwen doute ke nou te janm wè anyen konsa. Yon ti pòt an bwa pou louvri olye yon fenèt, ou gade l louvri lè l jou epi ou fenmen l lannwit. Nou pa t ka limen limyé elektrik oswa menm boule gaz kewozin nan epòk sa, nou te gen sa w rele “yon lanp ak lwil.” Bon, m pa konn si nou janm konnen kisa yon lanp ak lwil te ye. Ebyen, kisa ou . . . Èske w te janm achte . . . boule yon grap bwapen? Pou annik pran yon grap bwapen epi limen l epi mete l sou tèt yon kouvèti, l ap pran dife. E sa se . . . bay lafimen tou piti, men yo pa t gen mèb, de tout fason, pou gate ak lafimen. Alò se jis . . . kabàn la te resevwa lafimen an. Sa te byen sikile paske te chaje ak espas nan twati anlè a pou l te sikile. Kifè li . . .

44 E m te fèt le—le 6 avril, 1909. Natirèlman, ou konnen, sa fè m yon ti kal plis ke vennsenkan kounye a. E alò, jou maten m te fèt la, Manman di yo te louvri fenèt la. Bon, nou pa t gen doktè, te gen yon sajfam. Jis . . . E sajfam sa se te grann mwen. E alò lè m te fèt epi sou premye kri mwen, e—e Manman te vle wè pitit li. E—e l pa t plis ke yon timoun pou tèt pa l. E lè yo te louvri ti fenèt la, jis lè l te fèk fè jou, nan bò senkè yo. E . . . Te gen yon vye woujgòj ki te poze bò kot yon ti touf bwa. Tankou nou tout te wè imaj li nan—nan liv mwen an sou istwa vi m. Yon vye woujgòj te poze la jis ap chante ak tout sa k te nan li.

45 M te toujou renmen woujgòj. Bon, nou ti mesye yo k ap tandè la nan radyo, pa tire sou zwazo m yo. Ou wè, yo se—yo se—yo se . . . Se zwazo m yo ye. Èske nou te janm tandè lejand sou woujgòj la, kijan l fè gen fal wouj li a? M ap pran san m la yon

moman. Kijan l te gen fal wouj li a . . . Te gen Wa dè wa a ki t ap mouri yon jou sou Lakwa, e Li t ap soufri e pèsonn pa t ap vin bò kote L. Li pa t gen pèsonn pou ede L. E te gen yon ti zwazo koulè mawon ki te vle rache klou sa yo nan Kwa a, epi l te ret ap vole sou Kwa a epi ap rale klou sa yo. Li te twò piti pou l retire yo, e li te gen ti fal li tou wouj ak san. E depi lè sa fal li wouj. Pa tire sou li, ti mesye. Kite l trankil.

⁴⁶ Li te poze bò kot fenèt la, li t ap gazouye jan woujgòj yo chante a. Epi—epi Papa te pouse fenèt la. E lè yo pouse ti pòt fenèt la, Limyè sa ke nou wè sou foto a vin ap fè toubiyon nan fenèt la, dapre manman m, epi li te ret pandye anlè kabann lan. Grann pa t konn sa pou l te di.

⁴⁷ Bon, nou se . . . pa t yon fanmi ki te nan zafè relijyon. Moun nan fanmi m se Katolik. Mwen se Ilandè tou de bò yo. Papa m se yon Ilandè tout bon, Branham. Manman m siyen Harvey; sèlman, papa l te marye ak yon Endyèn Chiwòki, alò sa te kase ti liy san Ilandè a. Epi Papa ak Manman pa t konn al legliz, e yo pa t marye nan legliz e yo pa t gen okenn relijyon ditou. E dèyè la nan mòn yo pa t menm gen yon legliz Katolik. Alò yo te vini nan epòk premye kolon yo, de Branham te vini, epi apati de sa tout jenerasyon Branham yo te dyayi; se jeneyaloji fanmi an.

⁴⁸ Epi apre sa li te louvri . . . Lè yo te louvri fenèt sa epi Limyè sa te kanpe la, yo pa t konn sa pou yo te fè. Papa te achte pou tèt li (dapre Manman) yon nouvo pè salòpèt pou evènman sa. Li te kanpe ak . . . bra l yo nan bavèt vye salòpèt la, tankou bichwon yo ak nèg k ap anpile bwa yo te konn mete nan epòk sa yo. E sa te fè yo pè.

⁴⁹ Ebyen, apre m te grandi rive di jou petèt, oswa yon bagay konsa, yo te mennen m al nan yon ti legliz Batis ki te rele “Opossum Kingdom”, legliz Batis Opossum Kingdom. Sa se on pakèt non. Te gen yon vye predikatè ki te konn preche nan plizyè legliz, predikatè Batis ansyen mòd la te konn vin la apeprè yon fwa chak de mwa. Sou . . . Moun yo t ap gen yon ti sèvis ansanm, yo te konn al chante kèk chan, men yo te konn pale souvan de predikatè k ap pwonmennen an. Yo te peye l chak ane ak yon sak sitwouy ak kèk lòt bagay konsa, ou konnen, ke moun yo te konn kiltive pou ba li. E vye predikatè a te vini, epi se la l te ofri yon priyè pou mwen antan ke ti gason. Se te premye vizit mwen nan legliz.

⁵⁰ Nan laj apeprè . . . yon bagay on ti kal plis ke de zan, premye vizyon an te vini.

⁵¹ Ebyen, yo te rakonte nan lantouray la nan mòn yo la ke Limyè sa te vini. Alò yo te eseye konprann sa l ye. Kèk nan yo te di petèt se te limyè solèy la k ap flache sou yon miwa nan kay la. Men pa t gen okenn miwa anndan la. E solèy la pa t ko leve, konsa li te twò bonè, a senkè a. Epi konsa, o, yo te jis pase sou Sa. E lè m te gen apeprè . . . sipoze bò twazan yo . . .

52 Bon, mwen dwe onèt. Gen de bagay la ke m pa renmen di, e m swete m te ka pase sou sa pou m pa bezwen di l. Men poutan, pou di laverite, ou dwe di laverite menm si se sou pwòp tèt ou oswa sou moun pa w. Fò w onèt sou sa, epi apre sa se toujou menm bagay la.

53 Papa m te byen lwen yon moun ki nan zafè relijyon. Li te yon bon jan nèg mòn ki te konn bwè san rete, tout tan. E l te vin gen pwoblèm nan yon goumen, e te gen de ou twa zòm ki te manke mouri antan yo t ap goumen, tire, epi rachonnen youn lòt ak kouto, nan yon jan de fèt nan mòn yo. E Papa te youn nan moun ki te nan tèt goumen sa, poutèt te gen yon zanmi l ki te blese, e l te frape youn moun ak yon chèz. E l te gen . . . Mesye a te rale yon kouto e l ta pral pike zanmi Papa a atè a ak kouto sa, nan kè l, e Papa te pran pou li. E sa te dwe reyèlman yon goumen terib, paske yo, jouk byen lwen rive Burkesville, plizyè kilomèt byen lwen, yo te voye yon cherif dèyè Papa, sou cheval.

54 Kifè mesye a te lonje tou long sou pwen mouri. Petèt gen kèk moun pa l k ap tandè. M pral di non l, Will Yarbrough se te non l. Yo petèt . . . M kwè kèk nan yo nan Kalifòni, kèk nan gason l yo. Men li te youn ki fè pè, gwo towò pwisan, li te touye pwòp pitit gason l ak yon ba fè lantouray. Kifè li—li te yon nonm pwisan e mechan anpil. E kidonk te gen yon gwo goumen ak kouto ant limenm ak Papa. E papa m te manke touye nonm lan, alò l te dwe kouri epi kite Kentucky epi janbe rivyè a ale Indiana.

55 E l te gen yon frè ki t ap viv, lè sa, nan Louisville, Kentucky, se te asistan sipèvizè nan Wood Mosaic Saw Mills nan Kentucky, nan Louisville. E kidonk Papa te vin jwenn gran frè l la. Papa te pi piti nan gason yo, nan disèt pitit. E kifè li te vin jwenn gran frè l, e pandan l te pati pou prèske ennan. Li pa t ka tounen, paske la jistis t ap chache l. Epi lè nou vin gen nouvèl li nan yon lèt, ki te siyen sou yon lòt non, men li te di Manman ke se konsa li t ap pran nouvèl li.

56 Epi apre sa m sonje yon jou sous dlo a (ti kabàn sa) te jis dèyè kay la. E—e pandan tan sa apre . . . Te gen nèf . . . onz mwa diferans ant mwenmenm e frè ki swiv mwen an, e l te ankò ap rale. E m te gen yon gwo wòch nan men m, e m t ap eseye montre l kòman m te ka voye wòch sa fon nan vye labou a, kote sous dlo a te koule soti nan tè a epi l te fè labou atè a. E m te tandè yon zwazo, e li t ap chante anlè nan yon pyebwa. E m te leve je m gade pyebwa sa epi zwazo a te vole l ale, e, lè l te fè sa, yon Vwa te pale avè m.

57 Bon, mwen konnen nou panse m pa ta ka panse epi sonje sa. Men Seyè Bondye Ki Jij, latè a ak syèl la ak tout sa k genyen, konnen ke m ap bay verite.

58 Zwazo sa, lè l te vole l ale, yon Vwa te soti kote zwazo a te ye nan pyebwa a, tankou yon van ki kole nan touf bwa a, epi L te di: “Ou pral viv toupre yon vil ki rele New Albany.” E m te viv, depi

lè m te gen twazan jouk nan moman sa, a yon distans de senk kilomèt ak New Albany, Indiana.

⁵⁹ M te antre epi m te di manman m sa. Ebyen, li te panse m te jis ap reve oswa yon bagay konsa.

⁶⁰ Pita nou te bwote al Indiana e Papa t al travay pou yon nonm, Mesye Wathen, yon nonm rich. Li te pwopriyetè Gildiv Wathen. E l te posede yon gwo valè nan byen yo; li te yon miltimilyonè, epi posede Colonels nan Louisville yo, ak—ak ekip bizbòl, e latrkiye. Epi nou te viv toupre la. E Papa ki te yon moun pòv, poutan li pa t ka rete san bweson li, alò li—li t al fè wiski nan yon—nan yon gildiv.

⁶¹ E alò sa te banm gwo tèt chaje paske se mwen k te pi gran nan timoun yo. M te oblije vini epi al bwote dlo mete nan gildiv sa, pou m refwadi bobin tiyo sa yo pandan yo t ap fabrike wiski a. Apre sa li te dwe vann li, epi apre li te gen de ou twa gildiv sa yo. Bon, se pati sa m pa renmen rakonte a, men se laverite.

⁶² E m sonje yon jou, soti nan etab la, pou vin lakay la, ap kriye. Paske dèyè nan kote a te gen yon etan, li . . . kote yo te konn koupe glas. Anpil nan nou sonje lè yo te konn koupe glas epi mete l nan retay bwa. Ebyen, se fason sa Mesye Wathen te konsève glas lòtbò a nan peyi a. E Papa te yon—yon chofè pou li, yon chofè prive. Epi lè . . . etan sa te chaje ak pwason e lè yo ta pral koupe glas la epi rantrè l epi mete l nan retay bwa a, alò lè glas la te fonn an ete pandan l t ap koule, m sipoze l te on jan pwòp, plis ke glas yon lak, e yo te ka itilize l, pa pou bwè, men pou kenbe dlo a glase, mete l toutotou bokit yo ak lèt yo, e latrkiye.

⁶³ E yon jou antan m ap bwote dlo dèyè a pou ponp sa, ki te a on distans yon blòk kay konsa. Mwen t ap rele pou sa k pa ta vle genyen l, paske m te tounen sot lekòl e tout ti gason yo t al nan etan an, al lapèch. M te jis renmen al lapèch. E kifè yo tout t al fè lapèch sòf mwen, e m te dwe bwote dlo pou gildiv sa. Natirèlman, o la la, sa te dwe rete sekre, se te entèdiksyon. E mwen . . . Se te gwo tèt chaje. E m sonje antan m t ap vini la ak yon zòtèy deyò, e m te gen yon bougon mayi vlope anba zòtèy mwen pou l pat pran nan pousyè. Èske w te janm fè sa? Jis mete yon bougon mayi anba zòtèy ou *konsa* epi vlope l ak yon kòd. Li kenbe zòtèy ou anlè drèt tankou yon tèt tòti prèske, ou konnen, pike anlè. Ou te ka swiv tras mwen tout kote m t ale, ak bougon mayi sa anba zòtèy mwen; kote m te kòche l, ou konnen. M pa t gen okenn soulye pou m mete. Alò nou pa t janm met soulye, pafwa pandan mwatye ivè a. Si n te fè l, nou. . . se te jis sa nou te ka ramase, yon moun ta ba nou. Epi pou rad se sa yon moun, lacharite ta ba nou.

⁶⁴ E m te kanpe anba pyebwa sa, epi m te chita la jis ap kriye (se te an septanm) paske m te vle al lapèch, mwen te dwe plen plizyè kivèt ak dlo ak ti bokit melas yo, jis apeprè wotè *sa*, mwatye yon galon, paske m te jis yon ti gason apeprè setan daj. E m te konn

vide yo nan yon gwo kivèt epi tounen epi pran de lòt bokit epi retounen, ap ponpe li. Se dlo sa nou te genyen. E yo ta pral koule yon bon kantite nan wiski ki fèt ak mayi sa jou swa sa, mesye sa yo ak Papa, anwo a nan kay la.

65 E m t ap kriye, e brip sou kou mwen te tande yon bagay k ap fè yon bri tankou yon toubiyon, yon bagay konsa (bon, m swete l pa twò fò), ki t ap fè “Whooooosssh, whoooooosssh,” jis yon bri konsa. Ebyen, te gen yon kalm tèrib, e m te gade toutotou. E ou konnen, yon ti toubiyon, mwen kwè nou rele yo ti siklòn? An otòn nan ane a yo konn pran nan chan mayi, ou konnen, fèy yo e latriye, an otòn la, fèy yo jis kòmanse ap chanje. E m te anba yon gwo pye pepliye blan, m te kanpe apeprè mwatye chemen ant granj lan e kay la—la. E m te tande bri sa. E m gade toutotou, sa te jis kalm tankou l ye nan sal sa. Pa t g on fèy ki t ap bouje pyès kote, oswa anyen. E m te panse: “Ki kote bri sa soti?” Ebyen, m te panse: “Li dwe lwen isi a.” M te jis yon ti gason. Epi sa te vin pi fò e pi fò.

66 M te ranmase ti bokit mwen yo epi m te pete rèl de twa fwa ankò epi m te retounen sou wout la, m t ap repoze. Epi m te rive jis a kèk pye distans de sa, anba branch gwo pyebwa sa, e, o la la, li fè yon bri toubiyon. E m te vire pou m gade, e apeprè nan mwatye anlè pyebwa sa te gen yon lòt toubiyon, ki te kole sou pyebwa sa jis ap vire an won epi an won, ap sekwe fèy sa yo. Ebyen, m te panse pa t g anyen dwòl ak sa paske se jis nan epòk sa nan ane a, epi an otòn, dayè, toubiyon sa yo vini. Ti . . .Nou rele yo “toubiyon van.” Epi yo—epi yo ranmase pousyè. Nou te wè yo nan dezè a konsa. Menm bagay. Kifè m te obsève, men l pa t ale. Dabitid se jis yon bouras pou yon moman, apre sa l ale, men l te deja la depi de minit ou plis.

67 Ebyen, m te rekòmanse sou wout la ankò. E m te vire gade sa ankò. E lè L te fè sa, yon Vwa moun ke w jis tande menm jan ak pa m, te di: “Piga w janm bwè, fimen, oswa sal kò w nenpòt fason an. Pral gen yon travay pou w fè lè w vin pi gran.” Bon, se tankou sa te fè m pè amò! Ou te ka imagine w kijan yon ti bonòm t ap santi l. M te lage bokit sa yo, epi m t al lakay jis ak tout vitès jan m te kapab, louvri tout gagann mwen pou m rele.

68 E te gen koulèv copperhead nan rejyon sa, gen sèpan, e yo gen anpil pwazon. Manman te panse, antan m t ap pase nan jaden an petèt m te mete pye m sou yon koulèv copperhead epi l te kouri vin kontre avè m. E m te sote nan bra li, ap rele fò, ba l akolad epi bo li. Epi l di: “Kisa k genyen, èske koulèv mòde w?” Li te gade m depi nan pye jis nan tèt.

Mwen di: “Non, Manman! Gen yon nonm nan pyebwa sa anba la.”

69 Epi l di: “O, Billy, Billy! Monchè?” Epi l di: “Èske w te rete epi al dòmi?”

70 Mwen di: “Non, madam! Gen yon nonm nan pyebwa sa, e Li di m pou m pa ni bwè ni fimen.”

71 “Bwè wiski ak—ak bagay sa yo.” E m t ap bwote dlo nan yon gildiv ki nan kontrebann, nan moman sa menm. Epi L di: “Piga w janm bwè oswa sal kò w nenpòt fason an.” Sa se imoral, ou konnen, e pitit mwen . . . jèn gason ak fanm. E dapre sa m pi byen konnen, mwen pa t janm yon fwa koupab bagay konsa. Seyè a te ede m ak bagay sa yo, e pandan m ap avanse ou pral wè. Kidonk alò: “Pa bwè oswa pa fimen, oswa pa sal kò w, paske pral gen yon travay pou w fè lè w vin gran.”

72 Ebyen, m te rakonte Manman sa, e—e l te annik ri m. E m te jis pèdi lòlòj mwen. Li te rele doktè, epi doktè a te di: “Ebyen, li jis sou lè nè, se tou.” Alò li te mete m nan kabann. E m pa t janm, depi jou sa jouk sè jou si, janm pase bò pyebwa sa ankò. M te pè. M te konn desann sou lòt bò jaden an, paske m te panse te gen yon nonm anlè pyebwa sa e L t ap pale avè m, yon gwo Vwa grav ki te pale.

73 E alò yon fwa apeprè yon mwa apre sa, m t ap jwe mab ak ti frè m yo, deyò a nan lakou devan an. E brip sou kou m te g on sansasyon dwòl ki vin sou mwen. Epi m te rete epi m te chita bò kot yon pyebwa. E nou te drèt sou plaj Rivyè Ohio a. E m te gade anba a nan direksyon Jeffersonville, epi m te wè yon pon ki te konstwi e ki kwaze sa, rivyè a, travèse rivyè a. E m te wè sèz òm (m te konte yo) ki te tonbe lòtbò a e ki te pèdi lavi yo sou pon sa. M te kouri byen vit epi m te rakonte l bay manman m, epi l te panse m t al dòmi. Men yo te kenbe l nan tèt yo, epi vennde zan apati de lè sa Pon Minisipal la kounye a (ke anpil nan nou pran lè n ap travèse la) li te travèse rivyè a nan menm plas la, epi sèz òm te pèdi lavi yo antan yo t ap konstwi pon sa anlè rivyè a.

74 Li pa janm fayi pou l bay laverite pafètman. Jan nou wè L ye isi a nan oditoryòm lan, se konsa L te ye tout tan.

75 Bon, yo te panse m te jis sou lè nè. Sa bay, mwen se yon moun ki soufri ak nèvozite, sa se vre. E, si nou janm remake, moun ki gen—gen tandans pou yo esprityèl yo soufri ak nèvozite.

76 Gade powèt yo ak pwofèt yo. E gade William Cowper ki te ekri chan popilè sa: “Genyen yon sous tou plen ak San, ki te soti nan venn Emanyèl.” Èske nou te janm . . . Nou konn chan an. M te kanpe bò tonm li sa pa fè lontan. Frè Julius, mwen kwè, m pa konnen, non . . . wi, se sa, te avè nou lòtbò a bò tonm li. E—e la a, apre l te fin ekri chan sa, enspirasyon an te kite l, li te eseye jwenn rivyè a—a pou l touye tèt li. Ou wè, Lespri te kite l. E moun tankou powèt yo ak otè yo e . . . oswa pa . . . mwen vle di pwofèt yo.

77 Gade Eli, lè l te kanpe sou mòn lan epi l te rele dife sot nan syèl la epi l te rele lapli sot nan syèl la. Apre sa lè Lespri te kite l, li te kouri poutèt menas yon fanm. E Bondye te jwenn li an retrè nan yon gwòt, karant jou apre.

78 Gade Jonas, ak ase enspirayon lè Seyè a te wenn li pou preche la nan Niniv, jouk youn—you vil ki grandè St. Louis te repanti ak sak kòlèt. Epi apre sa lè Lespri te kite l, kisa k te rive l? Nou jwenn li anwo sou mòn lan apre Lespri te kite l, ap priye Bondye pou pran lavi l. E, ou wè, se enspirasyon. E lè bagay sa yo rive, li—li fè w youn kichòy.

79 Apre sa mwen sonje m vin grandi. Mwen te rive vin youn jènjan. (M pral fè vit pou m fini nan ti moman k ap vini an.) Lè m te rive vin youn jènjan m te gen ide tankou tout jènjan. Mwen . . . al lekòl, m te tonbe sou ti jènfi sa yo. Ou konnen, mwen te timid tout bon, ou konnen. Epi mwen—mwen finalman te gen youn ti mennaj. E tankou tout ti gason, nan kenzan yo, m imajine. E—e alò, o, li te bèl. O la la, li te gen je tankou youn kolonm, e l te gen dan tankou pèl kristal, e youn kou tankou youn zwa, e li—li te reyèlman bèl.

80 E youn lòt ti gason, li . . . nou te bon patnè, kidonk li te pran vye modèl—T Ford papa l la, epi nou te kase on randevou ak medam nou yo. E nou ta pral soti avèk yo, al pwonmennen. Nou te gen ase pou achte de galon gaz. Nou te dwe dyake wou dèyè a anlè pou fè l pati. M pa konn si nou janm sonje sa ou non, ou konnen, pou fè l pati. Men nou—nou te antann nou ase byen.

81 E kidonk mwen te gen kèk pyès senk kòb nan pòch mwen, e nou te rete nan youn ti plas epi n te pran . . . ou te ka gen youn sandwich janbon ak senk kòb. E alò, o, m te rich, m te ka achte kat ladan yo! Ou wè? E apre nou te fin manje sandwich yo epi bwè Kok, m te kòmanse ap ranmase boutèy yo. E m te pran on sipriz, lè m soti, (fanm te apèn kòmanse chite lwen lagras nan epòk sa, oswa chite kite vrè nati fanm) ti kolonm mwen an t ap fimen youn sigarèt.

82 Ebyen, m te toujou gen opinyon pa m sou youn fanm ki fimen sigarèt, e m pa t chanje l youn tikras depi tan sa. Se vre. Se bagay ki pi ba l ka fè. E se egzaktman sa. E mwen—mwen te panse mwen . . . Bon, konpayi sigarèt la ka pouswiv mwen pou sa, men, m ap di nou, se jis youn kou dyab la. Se pi gwo bagay ki touye ak sabote ke nasyon sa genyen. M ta pito pitit gason m on tafyatè tan pou l on moun ki fimen sigarèt. Sa se laverite. M ta pito wè madanm mwen lonje atè a, sou, pase pou m ta wè l ak youn sigarèt. Se konsa . . .

83 Bon, Lespri Bondye sa ki avè m lan, si Se Lespri Bondye (jan ou ta ka poze kesyon an), noumenm k ap fimen sigarèt nou gen youn ti chans piti lè nou rive laba a, paske se jis . . . chak fwa. Nou remake sa sou lestrad la, kòman Li kondane sa. Se youn bagay tèrib. Rete lwen li. Medam, si nou te koupab de sa, souple, nan Non Kris la, rete lwen li! Li detwi w. L ap touye w. L ap . . . Se youn—se youn kansè an grann kantite.

84 Doktè yo eseye avèti nou. E apre sa kòman yo ka vann nou bagay sa! Si nou t al nan famasi a epi n di: “Achte . . . Mwen vle

achte pou senkant kòb kansè.” Ebyen, yo t ap mete yo nan prizon. Men lè w achte pou valè senkant kòb sigarèt, w ap achte menm bagay la. Doktè yo di sa. O, nasyon ki malad pou lajan sa. Se byen domaj. Se yon bagay k ap touye. Yo te pwouve l.

⁸⁵ Ebyen, lè m te wè bèl tifi sa jis ap pran pòz eklere l, sigarèt sa nan men l, se kòm si l te touye m, paske m te vrèman panse m te renmen l. E m te panse: “Ebyen . . .”

⁸⁶ Kounye a, yo rele m yon “rayi-fanm,” nou konn sa, paske m toujou yon jan kont fanm yo, men pa kont noumenm Sè yo. M jis kont fason fanm modèn yo aji. Se vre. Bon fanm yo ta dwe mete apa.

⁸⁷ Men m ka sonje lè gildiv papa m la laba a t ap fonksyone, m te dwe deyò a la ak dlo ak bagay konsa, ap gade jènfi ki pa t gen plis ke disèt an, dizuit an, anwo la ak mesye menm laj avè m kounye a, sou. E yo te dwe desoule yo epi ba yo kafe fò, pou y al lakay yo pou prepare soupe bay mari yo. O, yon bagay konsa, m te di: “Mwen . . .” Se te remak pa m lè sa: “Yo pa vo yon bon bal pwòp pou touye yo avè l.” Se vre. E m te rayi fanm. Se vre. E m jis dwe veye chak mouvman kounye a, pou m pa toujou panse menm bagay la.

⁸⁸ Alò, men kounye a, yon bon fanm se yon bijou nan kouwòn yon nonm. Li ta dwe onore. Li . . . Manman m se yon fanm, madanm mwen se youn, e yo debyen. E m gen dè milye de sè Kretyèn ke m respekte anpil. Men si—si yo ka respekte sa Bondye fè de yo a, yon manman e yon vrè rèn, se kòrèk. Li se youn nan pi bon bagay ke Bondye te ka bay yon nonm, se te yon madanm. Apa sali, yon madanm se meyè bagay si se yon bon madanm. Men si se pa sa l ye, Salomon te di: “Yon bon madanm se yon bijou nan kouwòn yon nonm, men youn ki yon—yon rekalsitran oswa youn ki pa-bon se dlo nan san l.” E se vre sa, se pi move bagay ki te ka rive. Kifè yon bon fanm . . . Si w gen yon bon madanm, frè, ou ta dwe ba li pi gran respè. Se vre, ou ta dwe fè sa. Yon vrè fanm! E, timoun yo, si nou gen yon vrè manman ki rete lakay epi k ap eseye pran swen nou, kenbe rad nou yo pwòp, voye nou lekòl, anseye nou sou Jezi, nou ta dwe onore vye manman cheri sa ak tout sa k nan nou. Nou ta dwe respekte fanm sa, wi, mesye, paske se yon vrè manman.

⁸⁹ Yo pale de iletre ki nan mòn Kentucky yo. Nou wè l isi a nan fason andeyò nèt sa yo. Kèk nan vye manmi sa yo lòtbò a te ka vin isi a nan Hollywood epi aprann noumenm manman modèn yo kòman pou n leve pitit nou yo. Kite pitit li antre yon nwit ak cheve l tou gaye, epi po bouch li . . . po bouch li, (kòman nou rele sa?) bann makiyaj yo mete nan figi yo, epi rad li tou chifonnen sou yon bò, epi l te deyò tout lannwit, sou, frè, li t ap pran youn nan branch sa yo nan pye ikori sa e li pa t ap janm soti ankò. Mwen di w, li t ap . . . E si n te gen yon ti kal plis nan sa, nou t ap

g on pi bon Hollywood nan lantouraj la, e yon pi bon nasyon. Se sa. Se vre. “Jis eseye vin modèn,” sa—sa se youn nan trik dyab la.

⁹⁰ Bon, ti fi sa, lè m te gade li, kè m te jis senyen. E m te panse: “Pòv ti pitit.”

E l te di: “O, ou vle yon sigarèt, Billy?”

M di: “Non, madam.” M di: “M pa fimèn.”

⁹¹ Li di: “Bon, ou di ou pa danse.” Yo te vle m ale nan yon dans e m pa t ap vle fè sa. Alò yo te di te gen yon dans anba la, kote yo rele Jaden Sikomò a.

E m te di: “Non, m pa danse.”

⁹² Li te di: “Bon, ou pa danse, ou pa fimèn, ou pa bwè. Kòman w pran plezi w menm?”

⁹³ M di: “Ebyen, mwen renmen al lapèch e m renmen al lachas.” Sa pa t enterese l.

Alò li di: “Pran sigarèt sa.”

E m di: “Non, madam, mèsì. M pa fimèn.”

⁹⁴ E m te kanpe sou defans la. Yo te gen yon mach eskalye sou ansyen Ford yo, nou sonje, e m te kanpe sou defans sa, nou te chita sou ban dèyè a, limenm avè m. Epi l di: “Ou vle di ou pa p fimèn yon sigarèt?” Li di: “E noumenm fi nou gen plis kran pase w.”

M di: “Non, madam, m pa kwè m vle fè sa.”

⁹⁵ Li di: “Franchman, ou s on gwo poul mouye!” O la la! M te vle yon gwo Bill aksyonè, alò se sèten mwen—mwen pa t vle anyen ki poul mouye. Ou wè, m te vle yon boksè pwofesyonèl, se te ide sa m te fè m de lavi. Alò mwen di. . . “Poul mouye! Poul mouye!”

⁹⁶ M pa t ka sipòte sa, kifè m di: “Ban mwen l!” M lonje men m, mwen di: “M pral montre l si m s on poul mouye ou non.” M te pran sigarèt sa e m te kòmanse limen alimèt la. Bon, m konnen nou se. . . Bon, m pa responsab pou sa n panse, m jis responsab pou di laverite. Lè m te kòmanse limen sigarèt sa, jis detèmine pou fimèn l menm jan m vle pran Bib sa, ou wè, m te tandè yon bagay ale konsa: “Whooooosssh!” M te eseye ankò, m pa t ka mete l nan bouch mwen. E m pete kriye, m te jete bagay la atè. Yo te tonbe ri m. E m te mache al lakay mwen, m te pase nan chan an, ret chita deyò a la, ap kriye. E—e se te yon vi tèrib.

⁹⁷ M sonje yon jou Papa t ap desann al nan rivyè a ak ti mesye yo. Frè m lan avè m, nou te dwe pran yon bato epi monte desann nan rivyè a, ap ranmase boutèy pou mete wiski ladan yo. Nou te gen senk kòb pa douzèn pou yo, pou n ranmase yo sou tout longè rivyè a. E Papa te avè m, e l te gen youn nan ti boutèy plat sa yo. . . Mwen kwè se te boutèy apeprè yon ka lit konsa. E te gen yon pyebwa van soufle jete atè, e Papa. . . E nonm sa te avè l, Mesye Dornbush. M te gen pa l. . . Li te gen yon bèl bato, e m te

vle jwenn favè nan men l paske m te vle itilize bato sa. Li te gen yon bon gouvènay e pa m lan pa t gen gouvènay ditou. Nou te jis gen vye planch pou n rame. E si l te kite m itilize bato sa . . . Alò, li te konn fè soudi epi l te fè gildiv yo pou Papa. Kifè li . . . Yo te mete janm yo an kwa sou tronk pyebwa sa, e Papa te foure men l nan pòch dèyè l e l te rale yon ti boutèy wiski plat, te lonje l ba li epi l te pran yon gòje, remèt Papa li e l te pran yon gòje, epi l te depoze l nan yon ti chouk bò kot pyebwa ki te rache a. E Mesye Dornbush te pran l, li te di: “Se tou pa w, Billy.”

M di: “Mèsi, m pa bwè.”

⁹⁸ Li di: “Yon Branham, ki pa bwè?” Yo chak mouri mò sibit, prèske. E l di: “Yon Branham, ki pa bwè?”

Mwen di: “Non, mesye.”

Papa di: “Non,” “Mwen leve yon poul mouye.”

⁹⁹ Papa m k ap rele m yon poul mouye! Mwen di: “Lonje boutèy sa ban mwen!” E m te retire bouchon sa sou tèt li, byen deside pou bwè l, e m te kòmanse kage l monte: “Whooooosssh!” M te remèt boutèy la e m te pati al nan chan an ak tout fòs, ap kriye. G on Bagay ki pa t ap kite m fè sa. Ou wè? M pa t ka di m te gen anyen k bon (M te byen deside pou fè sa), men se Bondye, gras la, gras etonan ki te anpeche m fè bagay sa yo. M te vle fè yo, pou tèt pa m, men Li jis pa t ap kite m fè l.

¹⁰⁰ Pita mwen te jwenn yon fi lè m te gen apeprè vennde zan, li te yon kòkòt. Se te yon jènfi ki te konn al legliz, Literyen Alman. Non l se te Brumbach, B-r-u-m-b-a-c-h, ki soti nan non Brumbaugh. E li te yon jènfi debyen. Li pa t fimen ni bwè, ni—ni l pa t danse ni anyen, yon jènfi debyen. M te renmen avè l pandan yon ti tan, e m te . . . Alò, apeprè a vennde, m te fè ase kòb jouk m te achte yon vye Ford, e m . . . nou te konn soti al nan randevou ansanm. E kidonk, nan tan sa, pa t gen okenn legliz Literyen ki te pre, yo te demenaje soti nan Howard Park anwo la.

¹⁰¹ E alò yo te . . . yon minis, sila ki te konsakre m nan legliz Misyonè Batis la, Doktè Roy Davis. Sè Upshaw, se sila menm ki te voye Frè Upshaw bò kote m, oswa ki te pale l de mwen, Doktè Roy Davis. E alò li t ap preche, e l te gen Premye legliz Batis la, oswa la—la . . . M pa kwè se te Premye legliz Batis la, swa, se te Misyon- . . . te rele legliz Misyonè Batis nan Jeffersonville. E l t ap preche nan plas la nan epòk sa, e nou te konn al legliz nan aswè, alò . . . e n te konn tounen rantre. E m pa t janm te fè pati de legliz, men m te jis renmen ale avè l. Paske pi gwo vrè rezon an se te “al avè l,” m ta jis fè byen pou m onèt.

¹⁰² Kifè apre sa pandan m te nan renmen avè l, epi yon jou mwen . . . Li te sot nan yon fanmi de byen. E m kòmanse panse: “Ou konnen, ou konnen, m pa ta dwe pran tan jènfi sa. Se pa—se pa kòrèk, paske se yon jènfi de byen, e mwen pòv e—e mwen . . .” Sante papa m te atè plat, e mwen—mwen . . . Pa t gen okenn fason

pou m te ka okipe m de yon jènfi konsa, ki te abitye ak bèl kay ki gen tapi sou planche a.

¹⁰³ Mwen sonje premye tapi m te janm wè, m pa t konn sa l te ye. M te mache arebò l. M te panse se te pi bèl bagay m te janm wè nan vi m. “Kòman yo ka mete yon bagay konsa sou planche a?” Se te premye tapi m te janm wè. Se te—se te youn nan sa yo. . . M kwè yo rele l “payason.” M ka twonpe m. Yon kalite tankou “ozye” oswa yon bagay ki trese ansanm, epi blayi atè a. Yon bèl vèt ak wouj, epi yon gwo wòz ki dekore nan mitan l, ou konnen. Se te yon bèl bagay.

¹⁰⁴ E alò m sonje mwen—mwen te pran desizyon m ke se swa m te mande l marye avè m, swa m dwe rale kò m epi kite kèk bon gason marye avè l, yon moun ki t ap kòrèk avè l, ki ta ka fè l viv epi ta ka janti avè l. M te ka janti avè l, men mwen—mwen—mwen t ap fè sèlman ven kòb alè. Kifè m pa t ka fè twòp pou m fè l viv. E mwen. . . Ak tout fanmi nou te dwe okipe a, e sante Papa te atè plat, e m te dwe okipe yo tout, kifè m t ap pase yon moman difisil.

¹⁰⁵ Alò m te panse: “Ebyen, sèl bagay pou m fè se di l ke mwen—mwen. . . li. . . mwen—mwen jis pa p tounen, paske m te konsidere l twòp pou gache vi l epi kite l pèdi tan l avè m.” Epi apre sa m te panse: “Si yon moun te ka pran l epi marye avè l, fonde yon bon fwaye. E petèt si m pa ta ka genyen l, mwen ta ka—mwen ta ka konnen ke l kontan.”

¹⁰⁶ Epi kifè m te panse: “Men mwen—mwen jis—mwen jis pa ka ba l vag!” E m—m te nan yon eta tèrib. E jou apre jou m t ap panse sou sa. Kifè mwen te twò timid pou mande l marye avè m. Chak swa m te konn pran desizyon m: “mwen pral mande l.” Epi, lè mwen, uh, sa sa ye, papiyon, oswa yon bagay konsa ou gen nan. . . ? Nou tout frè yo laba a petèt nou te gen menm eksperyans lan konsènan sa. E se yon sansayon vrèman dwòl, figi m t ap vin wouj. Mwen—mwen pa t konnen. M pa t ka mande l.

¹⁰⁷ Alò m sispèk w ap mande w kijan m te janm resi marye. Ou konn on bagay? M te ekri l yon lèt epi m te mande l. Epi konsa li. . . Bon, se pa t “chè Madmwazèl,” sa te on ti kal (ou konnen) plis panche sou bò lanmou ke sa. Se pa t jis yon—yon kontra, se te. . . mwen—mwen te ekri l, pi byen m te kapab.

¹⁰⁸ E m te on ti jan pè manman l. Manman l te. . . li te on jan tyak. E, men papa l te yon vye Olandè janti, jis yon bon vye zanmi. Li te yon òganizatè pou fratènite, travayè tren, sou ray yo, ki t ap fè apeprè senksan dola pa mwa nan epòk sa yo. E m t ap fè ven kòb alè, pou m marye ak pitit fi l. Uh! M te konnen sa pa t ap janm mache. E manman l te trè. . . Bon, li s on dam de byen. E li—li te jan de moun nan ot sosyete sa yo, ou konnen, tankou gwo zouzoun, ou konnen, kifè li pa t twò sou bò m de tout fason. M te jis yon vye peyizan senp rak bwa ki soti andeyò, e l te panse Hope ta dwe frekante yon jenngason ki sot nan yon pi bon klas, e

mwen—mwen—mwen panse l te gen rezon. E alò . . . Men mwen—mwen pa t panse sa lè sa.

¹⁰⁹ Konsa m te panse: “Ebyen, kounye a, m pa konn kijan. Mwen—mwen pa ka mande papa l, e se sèten mwen—mwen pa pral mande manman l. E kidonk mwen te oblije mande l an premye.” Alò m te ekri lèt mwen an. E jou maten sa antan m sou wout pou al travay, m te lage l nan bwat lèt la. Lèt yo . . . Nou ta pral legliz mèkredi swa, e sa te rive nan lendi maten. M te eseye tout jounen dimanch lan pou di l ke m vle marye, e m jis pa t ka rive jwenn ase kran.

¹¹⁰ Kifè apre sa m te lage l nan bwat lèt la. E antan m te nan travay jou sa m te arive panse: “E si manman l te met lamèn sou lèt sa?” O la la! Alò m te konnen m te chire si—si l te janm met lamèn sou li, paske li pa t twò sou bò m. Ebyen, m te jis sou gwo presyon.

¹¹¹ E jou mèkredi swa sa lè m vini, o la la, m te panse: “Kòman m pral monte laba a? Si manman l te jwenn lèt sa li ta pral vrèman koresponn avè m, alò m swete l te jwenn li.” M te adrese l bay “Hope.” Se te non l sa, Hope. E alò m te di: “M pral jis ekri l la pou Hope.” E alò . . . E m te panse petèt li ta ka pa t jwenn li.

¹¹² Alò m te konnen byen pwòp pou m pa t rete deyò a epi sonnen klaksòn la pou l soti. O la la! E nenpòt jenngason ki pa gen kran ase pou l mache devan kay la epi frape nan pòt la e mande pou jènfi a, li pa gen okenn dwa pou l soti avè l de tout fason. Se egzakteman sa. Sa sitèlman pa fè sans. Sa tè atè.

¹¹³ E konsa mwen te kanpe vye Ford mwen an, ou konnen, e m te mete l klere nèt. E alò mwen te monte epi m te frape nan pòt la. Gras lamizerikòd, manman l te vin nan pòt la! Apèn si m te ka kenbe souf mwen, m di: “Kòman—kòman—kòman w ye, Madam Brumbach?” Ya.

¹¹⁴ Li di: “Kòman w ye, William.”

M te panse: “O-o, ‘William!’”

E—e li di: “Èske w vle antre?”

¹¹⁵ M di: “Mèsì.” M te pase nan pòt la. M di: “Èske Hope prèske pare?”

¹¹⁶ E jis nan moman sa men Hope ki t ap sote nan kay la, jis yon jènfi nan sèzan yo. E l di: “Alo, Billy!”

¹¹⁷ E m di: “Alo, Hope.” E m di: “Èske w prèske pare pou al legliz?”

Li di: “Jis yon minit.”

¹¹⁸ M te panse: “O la la! Li pa t janm resevwa li. Li pa t janm resevwa li. Byen, byen, byen. Hope pa t janm resevwa l tou, alò sa pral kòrèk, sinon li t ap di m sa.” Alò m te santi m ase alèz.

¹¹⁹ E apre sa lè m te rive nan legliz la, sa te bay ke mwen te panse: “E si l te resevwa l?” Ou wè? E m pa t ka swiv sa Doktè Davis t

ap di a. M voye je gade l, e m te panse: “E si petèt li jis ap kache sa, e li vrèman pral kouri deyè m lè m soti deyò a, poutèt mwen mande l sa.” E m pa t ka swiv sa Frè Davis t ap di a. E—e m voye je gade l, e m te panse: “O la la, m pa ta renmen kite l, men . . . E mwen—mwen . . . lè verite a pral vini sèten.”

¹²⁰ Alò apre legliz nou te kòmanse ap mache nan lari a ansanm, pou n al lakay, e—e konsa nou te mache al bò vye Ford la. E alò sou tout wout la lalin lan t ap klere fò, ou konnen, m voye je gade e li te bèl. Ayayay, m gade l, e m te panse: “O la la, ala m ta renmen genyen l, men m sispèk m pa kapab.”

¹²¹ E alò m te mache on ti kras pi lwen, ou konnen, e m t ap gade l ankò. Mwen di: “Kijan—kijan w santi w aswè a?”

Li di: “O, mwen byen.”

¹²² E nou te rete vye Ford la e nou te kòmanse soti, ou konnen, arebò totwa a, nou vire nan kwen an e n al lakay li. E m t ap mache pou m al nan pòt la avè l. M te panse: “Ou konnen, petèt li pa t janm resevwa lèt la, alò pito m ta jis bliye sa. M pral gen yon lòt semèn devan m de tout fason.” Alò m vin ap santi m ase byen.

Li di: “Billy?”

M di: “Ya.”

Li di: “M te resevwa lèt ou a.” O la la!

M di: “Ou resevwa l?”

¹²³ Li di: “En-en.” Ebyen, li jis te kontinye ap mache, pa t janm di yon lòt mo.

¹²⁴ M te panse: “Madanm, di m yon bagay. Voye m al pwonmennen oswa di m sa w panse de sa.” E m di: “Eske w—èske w te li l?”

Li di: “En-en.”

¹²⁵ O la la, nou konn kòman yon fanm ka kenbe nou sou sispens. O, mwen—mwen pa t vle di l jis fason sa, ou wè. Ou wè? Men, de tout fason, ou konnen, mwen—mwen te panse: “Pouki w pa di yon bagay?” Ou wè, epi m te kontinye ale. M di: “Eske w te li tout?”

Epi li . . . [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] “En-en.”

¹²⁶ Alò nou te prèske rive nan pòt la, e m te panse: “O la la, pa fè m rive sou galri a, paske m ka pa kapab kouri pou moun yo, alò reponn mwen kounye a.” E konsa m te ret ap tann.

¹²⁷ E l di: “Billy, mwen ta renmen fè sa.” Li di: “Mwen renmen w.” Bondye beni nanm li kounye a, li nan Laglwa. Li di: “Mwen renmen w.” Li di: “Mwen panse nou ta dwe di paran nou yo . . . paran yo sa. Ou pa panse sa?”

¹²⁸ E m di: “Cheri, tandè, ann kòmanse sa ak yon pwopozisyon kif-kif.” Mwen di: “Mwen pral di papa w si w ap di manman w.” Mwen lage pati ki pi difisil la sou do l, pou kòmanse.

Li di: “Dakò, si w ap di Papa anvan.”

M di: “Dakò, m ap di l dimanch swa.”

¹²⁹ E konsa dimanch swa te rive, m te mennen l lakay li apre legliz e mwen. . . Li te ret ap gade m. E m te gade, e l te nèvè edmi, li te lè pou m ale. Alò Charlie te chita nan biwo li, ap tape. E Madam Brumbach te chita nan kwen an, ap fè yon jan de kwochè, ou konnen, oswa ti agraf nou konn mete sou bagay yo, ou konnen. M pa konn kijan nou rele l. E alò li t ap fè kèk jan de bagay sa yo. E Hope te ret ap gade m, e li t ap fonsè sousil ba mwen, ou konnen, ap fè jès nan direksyon papa l. E mwen. . . O la la! M te panse: “E si l di, ‘Non?’” Alò m te kòmanse pran pòt la, m di: “Ebyen, m sispèk pito m t al fè wout mwen.”

¹³⁰ E m te pran direksyon pòt la, e—e li te kòmanse pran direksyon pòt la avè m. Li te toujou vin nan pòt la pou di m: “pase bòn nwit.” Alò m te kòmanse pran pòt la, e li di: “Ou pa p di li?”

¹³¹ E mwen di: “Hmm!” M di: “Se sèten m ap eseye, men mwen—mwen—mwen pa konnen kòman mwen pral fè sa.”

¹³² E li di: “M ap jis tounen e w ap rele l.” Alò li te retounen e l kite m kanpe la.

E m di: “Charlie.”

Li vire tounen epi l di: “Ya, Bill?”

Mwen di: “Èske m te ka pale avè w jis yon minit?”

¹³³ Li di: “Sèten.” Li f on vire bò biwo l la. Madam Brumbach te gade li, voye je gade Hope, epi gade m.

Epi m di: “Èske w ta vle soti sou galri a?”

E l di: “Wi, m ap soti.” Alò li te mache soti sou galri a.

M di: “Se vrèman yon bèl nwit, pa vre?”

Epi l di: “Wi, se vre.”

Mwen di: “Fè cho sèten.”

“Sètènman se vre,” li te gade m.

¹³⁴ M di: “M te sitèlman travay di,” m di: “ou konnen, menm men m yo ap fè kal.”

Li di: “Ou mèt pran l, Bill.” O la la! “Ou mèt pran l.”

¹³⁵ M te panse: “O, sa miyò.” M di: “Ou di sa pou tout bon, Charlie?” Li di. . . Mwen di: “Charlie, gade, m konnen li se pitit fi w, e ou gen lajan.”

¹³⁶ E l te panche epi l te pran men m. Li di: “Bill, koute, lajan se pa tout bagay ki gen nan lavi moun.” Li di. . .

¹³⁷ Mwen di: “Charlie, mwen—mwen ap fè sèlman ven kòb alè, men mwen renmen l e li renmen m. E m pwomèt ou, Charlie, ke m pral travay jouk sa yo. . . kal yo disparèt nan men m, pou m fè l viv. Mwen pral jis fidèl a li otan ke m ta kapab.”

138 Li di: “Mwen kwè sa, Bill.” Li di: “Koute, Bill, mwen vle pale avè w.” Li di: “Ou konnen, kè kontan, sa pa pran lajan nèt ale pou fè w kontan.” Li di: “Jis sèvi byen avè l. E m konnen w ap fè sa.”

Mwen di: “Mèsi, Charlie. M ap fè sa sèten.”

139 Alò se te tan pa l pou l di Manman. M pa konn kijan l te degaje l, men nou te marye.

140 Konsa, lè n te marye, nou pa t gen anyen, anyen pou n te abite nan yon kay. M kwè nou te gen de ou twa dola. Alò nou te lwe yon kay, li te koute nou kat dola pa mwa. Se te yon vye ti kay, de pyès. E yon moun te ba nou yon vye kabann pliyant. M mande m si gen moun ki te janm wè yon vye kabann pliyant? E yo te ba nou sa. Epi m t ale nan Sears e Roebucks epi m t achte yon ti tab ak kat chèz, e li—li pa t pentire, ou konnen, e nou te genyen l a tan. E kifè apre sa mwen t al kot Mesye Weber, yon machann bagay dezyèm men, e m te achte yon fou pou kwit manje. M te peye swasannkenz kòb pou li, e yon dola plis yon ti kichoy pou mete griy ladann. Nou te ranje kay la. M sonje m te pran epi m te pentire yon fèy trèf sou chèz yo, lè m te pentire yo. E, o, nou te kontan, malgretou. Youn te gen lòt, alò se tout sa k te konte. E Bondye, pa gras Li ak bonte Li, nou te koup ki te pi byenere ki te ka genyen sou latè.

141 M te dekouvri sa, ke kontantman pa fèt ak kantite byen lemond ou posede, men ak kijan w satisfè ak pòsyon ki a dispozisyon w lan.

142 E, apre yon moman, Bondye te desann epi l te beni ti fwaye nou an, nou te gen yon ti gason. Non l se te Billy Paul, li nan reyinyon an kounye a menm isi a. E on ti kal pi ta apre sa, apeprè onz mwa, Li te beni nou ankò ak yon ti fi ki te rele Sharon Rose, ki te chwazi dapre mo sa “Woz De Sawon.”

143 E m sonje yon jou m te sanble lajan mwen e m ta pral pran yon ti vakans, ta pral yon kote, Lak Paw Paw la, pou al lapèch. E sou wout tounen mwen . . .

144 E nan epòk sa . . . M kite de kote konvèsyon m. M te konvèti. E se te Doktè Roy Davis ki te òdone m, nan legliz Batis Misyonè a, e m te vin yon minis e m te gen tabènak kote m ap preche kounye a ladann nan Jeffersonville. E mwen te pastè ti legliz la. E mwen . . .

145 Pa gen lajan, mwen te pastè legliz la depi disèt an e m pa t janm pran senk kòb. M pa t kwè nan ran- . . . Pa t menm gen yon panye pou ofrann ladan l. E dim mwen te genyen de travay, e latriye, te gen yon ti bwat dèyè bilding lan, ki te di, ak yon ti siy sou li: “Chak fwa nou te fè sa pou pi piti sa yo ki pa M yo, se pou Mwen nou te fè l.” E alò se konsa legliz la te peye. Nou te gen yon prè dizan pou peye l, e l te peye nan mwens ke dezan. E m pa t janm ranmase pyès kalite ofrann.

¹⁴⁶ Epi m te gen, o, kèk dola m te sanble pou vakans mwen. Li te travay, tou, nan Fine's Shirt Factory. Yon bèl tifi damou. E tonm li petèt kouvri ak nèj jodi a, men li toujou nan kè m. E m sonje lè l te travay sitèlman di pou ede m gen ase lajan pou al lapèch nan lak sa.

¹⁴⁷ E lè m t ap retounen sot nan lak la, m te kòmanse wè, antan m ap antre nan Mishawaka ak South Bend, Indiana, e m te kòmanse remake machin ki te gen pankat dèyè yo, ki di: "Jezi Sèl." E m te panse: "Sa sonnen dwòl, 'Jezi Sèl.'" E m te kòmanse ap remake pankat sa yo. E sa te tout kote depi bekann yo, Ford yo, Kadilak yo, e kisa ankò, "Jezi Sèl." E m te swiv kèk nan yo, e yo te rive nan yon gwo legliz. E m te dekouvri yo te Pannkotis.

¹⁴⁸ M te tandè pale de Pannkotis, men yo te yon pakèt "moun eksite ki te lonje atè a epi ap kimen nan bouch," e tout bagay ke yo te di m sou sa. Kifè m pa t vle annafè avèk yo ditou.

¹⁴⁹ Alò m te tandè yo tou eksite anndan an, e m te panse: "M kwè m ap jis antre." Kifè m te rete vye Ford mwen an epi m te antre, epi tout chante ou pa janm tandè nan vi w! E m fini pa dekouvri te gen de gwo legliz, youn ladan yo te rele A.P.J.K., epi A.P.M., anpil nan nou moun yo ka sonje ansyen ògani- . . . M kwè yo ini, kounye a yo rele, epi yo rele legliz Pannkotis Ini. Ebyen, mwen te tandè kèk nan anseyan pa yo. E yo te kanpe la, o, yo t ap anseye sou Jezi ak kòman Li te gran, e kòman tout bagay te gran, e sou "batèm Sentespri a." M te panse: "De kisa y ap pale?"

¹⁵⁰ E, apre yon moman, yon moun bondi epi kòmanse ap pale an lang. Ebyen, mwen pa t janm tandè anyen konsa nan vi m. E men yon fanm vini la ap kouri ak tout fòs li jan l te kapab. Apre sa yo tout te kanpe epi te kòmanse ap kouri. E m te panse: "Ebyen, frè, se sèten yo pa t gen bon lizaj nan legliz!" Ap kriye epi rele epi eksite, m te panse: "Ala yon seri de moun sa ye!" Men, ou konnen, gen yon kichòy ladan l, plis m te ret chita la lontan, plis mwen te renmen sa. Te gen yon bagay ki te sanble l te reyèlman bon. E m te kòmanse ap obsève yo. E sa te kontinye. M te panse: "M ap jis sipòte yo on moman, paske mwen pral . . . Mwen toupre pòt la. Si nenpòt eskonbrit jis kòmanse pete, m ap kouri sot nan pòt la. Mwen konn kote machin mwen pake, jis bò kwen an."

¹⁵¹ E m kòmanse tandè kèk nan predikatè sa yo, se te moun save ak moun ki etidye. Franchman, m te panse: "Se byen sa."

Alò lè soupe a te rive, e yo te di: "Tout moun vin pran soupe."

¹⁵² Men m te panse: "Tann yon minit. Mwen gen yon dola ak swasannkenz kòb pou m al lakay, e mwen . . ." Se tout sa m te genyen kòm lajan pou gazolin. Se jis sa sa te pran pou mennen m lakay. E m te gen vye Ford mwen an, se te yon vye Ford ase bon. Li pa t konn bay pàn, li te jis tankou sa k isi a la, li te jis bogota. E li . . . M kwè reyèlman Ford sa t ap fè karantuit kilomèt nan inèdtan, men natirèlman se te vennkat direksyon sa e vennkat direksyon sa. Ou wè, mete l ansanm, ou gen karantuit.

E alò li . . . M te panse: “Ebyen, nwit sa mwen panse m te ka ale e apre . . .” M te rete pou sèvis nan aswè a.

¹⁵³ E, o, li te di: “Tout predikatè yo, kèlkeswa denominasyon an, vini sou lestrad la.” Ebyen, te gen apeprè desan nan nou anwo a la, mwen te monte. E alò li te di: “Bon, nou pa gen tan pou nou tout preche.” Li di: “Jis pase epi di ki moun nou ye e ki kote n soti.”

¹⁵⁴ Ebyen, tou pa m te rive, mwen te di: “William Branham, Batis. Jeffersonville, Indiana.” M te pase.

¹⁵⁵ M t ap tandè tout rèz yo ap rele tèt yo: “Pannkotis, Pannkotis, Pannkotis, A.P.M., A.P.J.K., A.P.M., P . . .”

¹⁵⁶ M t al fè wout mwen. M te panse: “Ebyen, gen lè m se vye grenn depaman an.” Alò m te chita, ap tann.

¹⁵⁷ E, jou sa, yo te gen bon jenn predikatè, ki te la, e yo te preche ak pwisans. E apre yo di: “Sila ki pral pote mesaj la aswè a se . . .” M kwè yo te rele l, “Ansyen.” E minis yo, nan plas “Reveran,” se te “Ansyen.” E yo te mennen yon mesye nwa granmoun la, e l te gen youn nan redengòt predikatè ansyèn mòd yo. M pa kwè nou te janm wè youn. Men longè yon ke pijon dèyè yo, ou konnen, ak yon kòl an vlou, e l te jis gen yon ti touf cheve blan toutotou tèt li. Pòv vye lepè, li vini *konsa*, ou konnen. E l te kanpe la e l te vire anwon. E kote tout predikatè yo t ap preche sou Jezi ak gran a . . . kijan Li te gran, e latriye, lepè sa te pran tèks li nan Jòb. “Ki kote w te ye lè m te poze fondasyon mond lan, oswa lè zetwal maten yo t ap chante ansanm e pitit Bondye yo t ap rele ak kè kontan?”

¹⁵⁸ E pòv vye lepè sa, m te panse: “Pouki yo pa t mete kèk nan jenn kanmarad sa yo anwo a la pou preche?” Gwo . . . plas la te plen ap krake epi kwense. E m te panse: “Poukisa yo pa t fè sa?”

¹⁵⁹ Alò apre sa vye lepè sa, olye pou l preche sou sa k t ap pase isi a sou latè, li kòmanse preche sou sa k t ap pase nan Syèl nèt ale. Ebyen, li te pran L depi nan kòmansman—nan kòmansman tan an, epi l te mennen L tounen nan Dezyèm Vini an anba siy akansyèl orizontal la. Franchman, m pa t janm tandè predikasyon konsa nan vi m! Apeprè nan moman sa Lespri a frape l, li te sote apeprè wotè sa e l te frape talon soulye l ansanm, voye zepòl li dèyè epi l te desann soti kite lestrad sa, li te di: “Nou pa gen ase plas pou mwen isi a pou m preche.” E l te gen plis plas ke m genyen la.

¹⁶⁰ M te panse: “Si Sa te fè yon vye granmoun aji konsa, kisa Sa va fè si L tonbe sou mwen?” Mwen—mwen te panse: “Petèt mwen bezwen enpe nan Sa.” Franchman, li te vin la, kè m te fè m sitèlman mal pou vye lepè a. Men, lè l te kite, kè m t ap fè m mal pou tèt mwen. Epi m te gade l ki ta prale la.

¹⁶¹ M te pati jou swa sa a, e m te panse: “Bon, demen maten m pa p kite pèsonn konnen ki kote, kilès mwen ye.” Alò m t ale, e

jou swa sa mwen te pase pantalon m. Mwen te pran. . . m t ale nan chan mayi a pou m dòmi, e m te desann e m te achte kèk ti pen won rasi. Ou. . . M t achte on pakèt konsa pou dis kòb. Te gen yon fontèn dlo pi ba la, m te pran enpe dlo. Alò m te konnen sa t ap dire m yon ti tan, alò m te pran enpe dlo e m te bwè l, epi m te ale e m te manje ti pen won m yo. Epi m te tounen e m te pran yon lòt gòje dlo. M t al nan chan mayi a, m te itilize de plas chèz yo epi lonje ti pantalon a kawo m lan nan mitan yo, m te pase l sou chèz yo.

¹⁶² E, nwit sa, m te priye prèske tout nwit la. M te di: “Seyè, nan kisa m antre la? M pa t janm wè jan de moun relijye sa yo nan vi m.” E m di: “Ede m konnen kisa tout bagay sa yo ye.”

¹⁶³ E nan demen maten m te desann la. Yo te envite nou pou dejene. Natirèlman, m pa ta pral manje avè yo, paske m pa t gen anyen pou mete pou ofrann la. E m te jis tounen. E nan demen maten lè m te antre, franchman (m te manje kèk nan ti pen won m yo), e m te chita. E yo te mete yon mikwofòn. E m pa t janm wè yon mikwofòn anvan, e m te pè bagay sa. Alò yo. . . E l te gen yon ti fil ki te pandye anlè a, e l te pandye desann. Youn nan mikwo ki pandye yo, jan sa. E l di: “Yè swa, sou lestrad la, te gen yon jenn predikatè isi a, yon Batis.”

M te panse: “O-o, m te bon pou yo savonnen m kounye a.”

¹⁶⁴ E l di: “Li te predikatè ki te pi jenn sou lestrad la. Non l se Branham. Èske gen yon moun ki konnen kote l fè? Di l pou l vini, nou vle se li k pote mesaj maten an.”

¹⁶⁵ O la la! M te gen yon ti mayo sou mwen, ak yon pantalon a kawo, ou konnen. E noumenm Batis nou kwè fò w te met yon kostim sou ou, pou monte sou chè, ou konnen. Alò. . . E mwen—mwen jis rete byen trankil. E lè sa a. . . Yo te fè l nan Nò lè sa paske (konvansyon entènasyonal yo a) moun nwa yo pa ta ka vin ladan l si se te nan Sid. Yo te gen moun nwa yo la, e m te yon moun nan Sid, m te kontinye ap met lanmidon nan kole rad mwen, ou wè, m te panse mwen te on ti kal miyò pase yon lòt moun. E sa te rive ke jou maten sa, se te yon—yon mesye nwa ki te chita bò kote m menm. Alò m te chita e m te voye je gade l. M te panse: “Ebyen, se yon frè.”

¹⁶⁶ E li di: “Èske yon moun konnen kote William Branham ye?” Mwen glise desann nan chèz la *konsa*. Alò li di, sa te anonse yon dezyèm fwa, li di: “Èske yon moun deyò a” (li te rale ti mikwo sa) “konnen ki kote William Branham ye? Di l nou vle li monte sou lestrad la pou mesaj maten an. Li se yon predikatè Batis ki soti nan sid Indiana.”

¹⁶⁷ M te jis chita byen trankil epi m plonje desann, ou konnen. Pèsan pa t konnen m, de tout fason. Mesye nwa sa voye je gade m, li di: “Èske w konn kote l ye?”

¹⁶⁸ M te panse. Se swa m—m te dwe bay manti oubyen m fè yon bagay. Alò mwen di: “Pwoche yon ti kras la.”

Li di: “Wi, mesye?”

Mwen di: “M vle di w yon bagay.” Mwen di: “Se mwen—mwen menm.”

Li di: “Ebyen, monte al la.”

169 E m di: “Non, m pa kapab. Ou wè,” m di, “mwen met vye ti pantalon a kawo sa ak ti mayo sa.” M di: “M pa ta ka monte la.”

170 Li di: “Moun sa yo pa gade sou kijan w abiye. Monte al la.”

Mwen di: “Non, non.” Mwen di: “Ret trankil, pa di anyen kounye a.”

171 E yo te tounen nan mikwo a yon minit, pou di: “Èske yon moun konnen kote William Branham ye?”

172 Li di: “Men li! Men li! Men li!” O la la! Men m te monte la ak ti mayo sa sou mwen, ou konnen. E men mwen . . .

173 Li di: “Monte, Mesye Branham, nou vle w pote mesaj la.” O la la, devan tout predikatè sa yo, uhm, tout moun sa yo! E m te ale on jan ap glise kò m monte, ou konnen. Figi m wouj, e zòrèy mwen ap boule. E m te glise kò m monte, pantalon a kawo ak ti mayo, predikatè, predikatè Batis ki pral nan mikwofòn lan, m pat janm te wè youn anvan, ou wè.

174 E m te kanpe la, mwen te di: “Ebyen, mwen—mwen—mwen pa konn anyen sou sa.” M t ap tatonnen, m te reyèlman kraponnen, ou konnen. E—e m te tonbe la apeprè sou Lik 16, e m te panse: “Ebyen, kounye a . . .” E m—m te jwenn sijè a, “E l te leve je l nan lanfè, e l te kriye.” E m te jwenn . . . Alò mwen—mwen kòmanse preche, ou konnen, e m te arive preche e m te santi m yon ti kras miyò. E m di: “Nonm rich la te nan lanfè, e l te kriye.” Twa ti mo sa yo, menm jan ak anpil mesaj m gen konsa, “Èske W Kwè Sa,” epi “Pale Ak Wòch La,” nou te tandè m preche yo. E m te gen: “Epi l te kriye.” E mwen di: “Pa gen timoun la, sètènman pa genyen nan lanfè. Alò l te kriye.” Mwen di: “Pa gen flè la. Epi l te kriye. Pa gen Bondye la. Epi l te kriye. Pa gen Kris la. Epi l te kriye.” Epi mwen te kriye. G on bagay ki te pran m. O la la! O la la! Apre, m pa konn sa k te pase. Lè m on jan retounen nan mwenmenm, m te kanpe deyò a. Moun sa yo pran rele fò ak pete rèl epi kriye, e mwen, nou te gen yon moman ekstraòdinè.

175 Lè m te sot deyò a te gen yon nonm ki te vin jwenn mwen ak yon gwo gwo chapo Tekzas, gwo bòt, li te pwoche, li di: “Mwen se Ansyen *Entèl-entèl*.” Predikatè, ak bòt kòbòy, ak rad kòbòy sou li.

M te panse: “Ebyen, pantalon a kawo m lan pa pi mal alò.”

176 Li di: “M vle w vin Tekzas epi òganize yon revèy pou mwen.”

177 “En-en, kite m ekri sa, mesye.” Epi m te ekri l konsa.

178 Men yon mesye la ak youn nan ti sa, jan de pantalon gòlf yo sou li, ke yo itilize pou jwe gòlf, ou konnen, li te gen ti pantalon

blouz sa yo. Li di: “Mwen se Ansyen *Entèl-entèl* ki sot Miyami. M ta renmen . . .”

179 “O la la, petèt ke abiman pa si enpòtan pase sa.” M te gade sa, epi m te panse: “Dakò.”

180 Alò m te ranmase bagay sa yo, e m t al lakay. Madanm mwen te rankontre m, li di: “Poukisa w sanble w si tèlman kontan konsa, Billy?”

181 Mwen di: “O, m te rankontre krèm moun yo. O la la, se pi bon ou te janm wè. Moun sa yo pa wont relijyon yo.” E, o, mwen te rakonte l tout bagay nèt. E m di: “E gade isi a, cheri, tout on seri envitasyon. Moun sa yo!”

Li di: “Se pa moun biza k ap woule atè yo, pa vre?”

182 Mwen di: “M pa konn ki kalite woule yo ye, men yo gen yon bagay ke m te bezwen.” Ou wè? M di: “Sa—sa se yon bagay ke m sèten.” M di: “Mwen te wè yon mesye granmoun, katrevendizan, vin jèn ankò.” M di: “M pa t janm tande predikasyon konsa nan vi m. Franchman, m pa t janm wè yon Batis preche konsa.” Mwen di: “Yo preche jouk yo pèdi souf yo, e yo plwaye jenou yo ra planche a, leve ankò, re pran souf yo. Ou ka tande yo de blòk pi lwen, toujou ap preche.” E m di: “Mwen—mwen pa t janm tande bagay konsa nan vi m.” E m di: “Yo pale nan yon lang enkonni, e yon lòt di de kisa yo t ap pale a. Pa t janm tande bagay konsa nan vi m!” M di: “Èske w vle ale avè m?”

183 Li di: “Cheri, lè m te marye avè w, se pou m te rete kole avè w jouk lanmò wa separe nou.” Li di: “Mwen prale.” Li di: “Bon, nou pral di paran yo.”

184 E m di: “Ebyen, di manman w e m ap di manman pa m.” Alò nou . . . M t ale epi di Manman.

185 Manman di: “Ebyen, sèten, Billy. Nenpòt sa Seyè a rele w pou w fè, al fè l.”

186 E alò Madam Brumbach te mande pou m vini. M t ale. Li di: “Ki bagay sa w ap pale a?”

187 E m di: “O, Madam Brumbach,” m di, “nou tout pat janm wè kalite moun sa yo.”

Li di: “Kalme w! Kalme w!”

M di: “Wi, madam.” Mwen di: “Eskize m.”

E l di: “Èske w konnen sa s on bann moun eksite?”

188 Mwen di: “Non, madam, m pa t konn sa.” M di: “Yo—yo se moun debyen sèten.”

189 Li di: “Pa menm panse a sa! Èske w panse ou te kab trennen pitit fi m nan mitan bagay konsa!” Li di: “Ridikil! Sa pa anyen ke fatra ke lòt legliz yo jete deyò.” Li di: “An verite! Ou pa pral mennen pitit fi m lan la konsa.”

190 E m di: “Men, ou konnen, Madam Brumbach, nan fon kè m mwen santi ke Seyè a vle m ale ak moun sa yo.”

191 Li di: “Retounen nan legliz ou jouk yo kapab peye yon presbitè pou ou, epi ajì tankou yon nonm ki gen bon sans.” Li di: “Ou pa p mennen pitit fi m lan laba a.”

M di: “Wi, madam.” M vire tounen epi m mache soti.

192 E Hope te kòmanse kriye. Li soti, li di: “Billy, kèlkeswa sa Manman di, m ap rete avè w.” Ke kè l beni!

E mwen di: “O, se kòrèk, cheri.”

193 E m jis kite sa tonbe. Li pa t ap kite pitit fi l ale ak kalite moun konsa paske “Se pa t lòt bagay ke fatra.” E kidonk m jis on jan lage sa. Se te pi move erè mwen te janm fè nan vi m, youn nan pi move yo.

194 Yon ti jan pita, kèk lane apre, timoun te vin fèt. E yon jou nou te. . . Te gen yon inondasyon, an 1937. Te gen yon inondasyon. E pou nou. . . Mwen te nan patwouy lè sa e m t ap eseye sa m kapab pou retire moun yo nan inondasyon an, kay k ap kraze. E pwòp madanm mwen te pran maladi, e li te reyèlman, reyèlman malad pwatrinè. E yo te mennen l soti. . . Lopital regilye a te si tèlman plen nou pa t ka mete l ladan l, alò nou te mennen l bay gouvènman an—an kote yo te gen yon sal laba. E alò lè sa yo te rele m tounen. E m te toujou viv sou larivyè, epitou yon bon kondiktè bato, alò m t ap eseye pran moun yo, sove yo nan inondasyon an. E alò mwen te. . . youn. . .

195 Yo te rele m, yo di: “Gen yon kay nan Ri Chestnut, li prèske ale. Gen yon manman ak yon pakèt timoun anndan l,” yo di, “ou panse bato w la, motè w la ka rive bò kote yo.”

Mwen di: “Ebyen, m ap fè tout sa m kapab.”

196 E mwen, ap sote vag sa yo. Dig la te pete laba a, e, o la la, la. . . jis ap lave vil la. E m t ap bay tout gaz m te kapab, e finalman desann nan riyèl yo ak nan lari yo. E m te rive la bò kote vye dig la te ye a, dlo t ap travèse l. E m te tandè yon moun rele, e m te wè yon manman ki kanpe deyò sou galri a. E te gen gwo vag sa yo ki t ap pase konsa. Ebyen, m t al nan direksyon sa pi lwen m kapab, e m te frape kouran dlo a epi retounen epi rive sou bò sa. M te rive kanpe bato m lan jis a tan pou mare li nan kolòn, poto a, poto pòt la oswa poto galri a. E m te kouri antre e m te atrap manman an e m te fè l monte la, ak de ou twa nan timoun yo. E m te demare bato m lan e m te mennen l. . . tounen. M t ale anba nèt, e m te mennen l sou rivaj la, apeprè de kilomèt atravè vil la, jouk mwen te mete l sou rivaj la. Epi lè m te rive lòtbò a, li te endispoze. E l te kòmanse. . . li t ap rele: “Bebe m lan! Bebe m lan!”

197 Ebyen, m te panse ke l te vle di li te kite bebe l la nan kay la. O la la! M te retounen ankò antan yo t ap eseye pran swen li. E, m te vin dekouvri, se te. . . oswa li te vle konnen kote bebe l la te

ye. Te gen yon timoun twa zan konsa, e m te panse li t ap pale de yon ti bebe nan tete oswa yon bagay.

¹⁹⁸ E alò m te retounen e m te rive lòtbò a. E lè m te pran bato sa e m te antre anndan an e m pa t ka jwenn okenn bebe, e galri a te tonbe e kay la te pati. E m te kouri vrèman vit epi m te atrap pati a—a la ki t ap flote apiye sou bato m lan, m te antre nan bato a, e m te rale kòd sa e m te detache l.

¹⁹⁹ Epi sa te fè m al tonbe nan kouran pi gwo rivyè a lè sa. E l te apeprè onzè edmi di swa, e lagrèl ak lanèj te jis ap tonbe. E m te atrap kòd statè a epi m te eseye pati bato a, e l pa t vle pati, e m te eseye e li pa t vle pati, e m te eseye ankò. M t ap avanse pi lwen nan kouran sa, chit dlo yo te jis anba m. E m t ap eseye rèd tout bon, e m te panse: “O la la, men—men fen m! Se fini!” E m te eseye rèd tout bon. E m te di: “Seyè, tanpri pa kite m mouri yon lanmò konsa,” e m t ap rale e m t ap rale.

²⁰⁰ E sa te retounen a mwen menm: “Sa k pase ak pakèt fatra sa yo ke w pat vle al jwenn yo?” Ou wè? En-en.

²⁰¹ M te remete men m sou bato a, e m di: “Bondye, pitye pou mwen. Pa pèmèt m kite madanm mwen ak bebe m lan konsa, e yo laba tou malad! Tanpri!” E m jis te kontinye rale konsa, e l pa t vle pati. E m te ka tandè gwonde k ap fèt anba la, paske mwen . . . Jis kèk minit, e, o la la, se t ap fini. E m di: “Seyè, si W padone m, mwen pwomèt Ou mwen va fè nenpòt bagay la.” M met a jenou nan bato sa la, epi lagrèl la ap frape m nan figi. M di: “M ap fè nenpòt sa W vle m fè a.” E m te rale ankò, e l te pati. E m ba l tout gaz mwen te kapab, e finalman m te rive sou rivaj la.

²⁰² E m te retounen al pran kamyon an, kamyon patwouy la. E m te panse a . . . Te gen kèk nan moun yo ki te di: “Tandè, gouvènman an fèk bwote ale.” Madanm mwen ak bebe m anndan la, toude bebe yo.

²⁰³ Epi m te soti pou al kot gouvènman an ak tout fòs mwen, e dlo a te monte yon wotè apeprè kenz pye tout kote. E te gen yon majò la, e mwen di: “Majò, kisa k rive lopital la?”

Li di: “Bon, pa enkyete w. Ou gen yon moun ou ladan l?”

M di: “Wi, yon—yon madanm ki malad ak de bebe.”

²⁰⁴ Li di: “Yo tout te soti.” Li di: “Yo nan yon kamyon machandiz e yo nan wout pou al Charlestown.”

²⁰⁵ M kouri, monte nan bato m lan e . . . oswa monte nan machin mwen, e bato m lan te dèyè l, e m te kouri la pou . . . E lè sa filè dlo yo te vin lajè apeprè kat oswa senk kilomèt. E tout lannwit m te eseye . . . Kèk nan yo di: “Vagon an, vagon machandiz la, te deraye laba al sou bout bwa yo.”

²⁰⁶ Ebyen, m te twouve m izole sou yon ti zile, rete la twa jou. M te gen kont tan pou m te panse si Sa te fatra ou pa. Jis ap debat: “Kote madanm mwen?”

207 Finalman lè m te jwenn li, kèk jou apre m te soti epi travèse, li te byen lwen nan Columbus, Indiana, nan Oditoryòm Batis la kote yo te fè yon—yon jan de lopital, chanm pou malad sou ti branka gouvènman yo. E m te kouri al jwenn li ak tout fòs mwen, ap eseye jwenn kote l te ye, ap rele: “Hope! Hope! Hope!” E m te gade, e men l te lonje sou yon branka, e maladi TB te tabli.

Li te leve ti men lamègzò li, e l di: “Billy.”

E m kouri al jwenn li, e m di: “Hope, cheri.”

Li di: “M parèt lèd anpil, pa vre?”

M di: “Non, cheri, ou byen parèt.”

208 Pandan apeprè si mwa nou fè tout sa n te kapab, pou eseye rive sove lavi l, men li te kontinye ap bese epi bese.

209 Yon jou mwen te nan patwouy e radyo m te louvri, e m panse m te tande yo di, fè yon apèl nan radyo a, di: “Pou William Branham, y ap mande l touswit nan lopital la, madanm li ap mouri.” M te prese tounen lopital la pi vit m te kapab, m te limen limyè wouj ak sirèn, e m te derape. Epi m—m te rive lopital la e m te pake, kouri antre. Antan m ap travèse lopital la—la, m te wè yon bon ti zanmi ke nou te konn al lapèch ansanm, kouri ansanm lè n te ti gason, Sam Adair.

210 Doktè Sam Adair, se pou li vizyon an te vini sa pa fè lontan epi te pale l sou klinik la. E l te di, si gen yon moun ki doute de vizyon an, annik rele l kòlèk, si w vle konnen si se te vre ou pa.

211 E alò men li ki te soti konsa, e l te gen chapo l nan men l. Li te gade m e li te jis kòmanse kriye. E m kouri al jwenn li, m te antoure l ak bra m. Li te antoure m ak bra l, li di: “Billy, li prale.” Li di: “Kè m fè m mal. M fè tout sa m te ka fè, m te gen espesyalis ak tout bagay.”

Mwen di: “Sam, se sèten li pa prale!”

Li di: “Ya, li prale.” E li di: “Pa antre la, Bill.”

E m di: “M dwe antre, Sam.”

E l di: “Pa fè sa. Pa fè l, tanpri pa fè sa.”

Mwen di: “Kite m antre.”

Li di: “M pral avè w.”

212 M di: “Non, ret deyò isi a. Mwen vle rete avè l nan dènye minit li yo.”

Li di: “Li pèdi konsyans.”

213 M te antre nan chanm lan. E enfimyè a te chita la, e l t ap kriye paske limenm ak Hope te kondisip klas ansanm. E alò m te voye je gade, e l te kòmanse ap kriye, mete men l anlè. E l te kòmanse ap mache.

214 E m te voye je m gade, e m te sekwe l. Men l te la, li te bese pase sanven liv yo, pou rive nan swasant yo. E mwen—mwen te souke l. E si m viv pandan santan, m p ap janm bliye sa k te

pase. Li te vire tounen, e gran gwo bèl je sa yo te leve gade m. Li te souri. Li di: “Poukisa ou rele m tounen, Billy?”

Mwen di: “Cheri, m fèk pran mesaj radyo a.”

215 M te jis oblije travay. Nou te fon nan dèt e plizyè santèn dola fakti doktè, e anyen pou peye sa. E m te jis oblije travay. E m te konn wè l de ou twa fwa pa jou, epi chak swa, e apre sa lè l te vin nan kondisyon sa.

M di: “Kisa w vle di, nan zafè ‘Rele’ w ‘tounen’?”

216 Li di: “Billy, ou preche sou Sa, ou pale de Sa, men ou pa gen okenn lide de sa Sa ye.”

M di: “De kisa w ap pale?”

217 Li di: “Syèl.” Li di: “Gade,” li di, “kèk moun t ap eskòte m Lakay, gason ak fanm oswa yon bagay. Yo te abiye an blan.” E l di: “M te relax e an pè.” Li di: “Gwo bèl zwazo t ap vole sot nan yon pyebwa al nan yon lòt pyebwa.” Li di: “Pa panse mwen pa nan bon sans mwen.” Li di: “Billy, mwen pral di w erè nou fè.” Li di: “Chita.” M pa t chita; m te mete ajenou, m te pran men l. Li di: “Ou konn ki kote nou fè erè nou?”

E m di: “Wi, cheri, mwen konnen.”

218 Li di: “Nou pa t dwe janm koute Manman. Moun sa yo te gen rezon.”

E m di: “M konn sa.”

219 Li di: “Pwomèt mwen sa, ke w pral jwenn moun sa yo,” li di, “paske yo gen rezon.” E l di: “Leve pitit mwen yo konsa.” E mwen. . . Li di: “M vle di w yon bagay.” Li di: “M ap mouri, men” li di “se. . . mwen pa—mwen pa pè ale.” Li di: “Sa—sa bèl.” Li di: “Sèl bagay, mwen rayi kite w, Bill. E m konnen ou gen de timoun piti sa yo pou leve.” Li di: “Pwomèt mwen ke—ke w pa rete selibatè epi kite pitit mwen yo sot nan yon kolòn al nan yon pote.” Sa se te yon bagay sansib pou yon manman venteyen an.

E m di: “M pa ka pwomèt sa, Hope.”

220 Li di: “Tanpri pwomèt mwen.” Li di: “Yon bagay mwen vle di w.” Li di: “Ou sonje fizi sa?” M jis fou pou zam. E l di: “Ou te vle achte fizi sa jou sa e ou pa t gen ase lajan pou fè yon depo.”

M di: “Wi.”

221 Li di: “M t ap sanble kòb mwen, dis kòb mwen yo, pou eseye fè depo sa sou fizi sa pou ou.” Li di: “Bon, lè sa fini e ou tounen lakay, gade anlè sofa a. . . oswa kabann pliyant lan, anba moso pape sa anlè a, epi w ap jwenn kòb la la.” Li di: “Pwomèt mwen ke w ap achte fizi sa.”

222 Nou pa konn kijan m te santi m lè m te wè dola swasantkenz sa (an dis kòb) depoze la. M t achte fizi a.

223 E l di: “Ou sonje moman sa ke w ta pral anba lavil pou achte yon bè ba pou mwen, e nou ta pral Fort Wayne?”

M di: “Wi.”

224 M te antre sot lapèch, e l te di. . . Nou te dwe al Fort Wayne, m te dwe al preche jou swa sa. E l te di: “Ou konnen, m te di w: ‘Gen de diferant kalite.’” Youn rele “mouslin.” E sa lòt la ye, reyon? Èske se sa? Reyon ak mouslin. Ebyen, kèlkeswa sa l ye a, mouslin te pi bon an. Èske se vre? E li di: “Bon, al achte kèk mouslin pou mwen, sa ak motif yo.” Ou konnen bagay sa ki gen ti bagay sa dèyè ba a, pa anwo a? E m pa t konn anyen sou zafè rad fanm, alò mwen. . .

225 E m t ap desann nan lari a e m t ap di: “Mouslin, mouslin, mouslin, mouslin,” ap eseye kontinye panse a, “mouslin, mouslin, mouslin.”

Yon moun di: “Alo, Billy!”

226 M di: “O, alo, alo.” “Mouslin, mouslin, mouslin, mouslin, mouslin.”

227 E m te vire nan kafou a e m te rankontre Mesye Spon. Li di: “Ey, Billy, èske w konnen pwason pèch la ap mòde kounye a sou bò dènye pilye a?”

Mwen di: “Tout bon, se vre?”

“Ya.”

M te panse kounye a, lè m te kite l: “Kisa bagay sa te ye?” M te bliye l.

228 Alò Thelma Ford, yon fi mwen te konnen, te travay nan magazen dis kòb la. E m te konnen yo te vann ba pou fanm lòtbò a, alò m t al la. M di: “Alo, Thelma.”

E l di: “Alo, Billy. Kòman w ye? Kòman Hope ye?”

229 E m di: “Byen.” M di: “Thelma, m vle yon pè chosèt pou Hope.”

Li di: “Hope pa vle chosèt.”

M di: “Wi, madam, li vle yo vrèman.”

Li di: “Ou vle di ba.”

230 “O, sèten,” m di, “se sa l ye.” M te panse: “O-o, m sot montre inyorans mwen.”

E l di: “Ki kalite li vle?”

M te panse: “O-o!” M di: “Ki kalite w genyen?”

Li di: “Ebyen, mwen gen reyon.”

231 M pa t konn diferans lan. Reyon, mouslin, tout te sonnen menm jan. M di: “Se sa m vle.” Li di. . . Mwen di: “Ban m yon pè ladann, sa ak motif yo.” E li. . . M te di l mal. Kisa l ye? Full fashion. “Full fashion.” E alò m di: “Ban m yon pè ladann.”

232 E lè l te vini pou ban mwen yo, yo te sèlman apeprè trant kòb, ven kòb ou trant kòb, apeprè mwatye pri. Ebyen, mwen di: “Ban m de pè ladann.” Ou wè?

233 E m te retounen lakay, e m di: “Ou konnen, cheri, noumenm fi n al nan magazen toupatou nan vil la pou n jwenn bagay bon mache.” Ou konn kijan nou renmen fè djòlè. E m di: “Men la, gade la, m achte de pè pou pri ke w achte yon pè. Ou wè?” Mwen di: “O, sa se—sa se kapasite pèsone l mwen.” Ou wè, mwen di—mwen di: “Ou konnen, Thelma vann mwen sa yo.” Mwen di: “Petèt li te ka kite m genyen yo pou mwatye pri.”

Li di: “Èske w pran mouslin?”

234 Mwen di: “Wi, madam.” Tout te sonnen menm jan pou mwen, m pa t konnen te gen yon diferans.

235 E li di m, li di: “Billy.” M te twouve sa biza lè l te rive Fort Wayne, li te oblije achte yon lòt pè ba. Li di: “M te bay manman w yo,” li di, “yo pou fanm ki pi granmoun.” Li di: “Mwen regrèt m te fè sa.”

E mwen di: “O, sa kòrèk, cheri.”

236 E li di: “Bon, pa—pa viv poukont ou.” E li di . . . Li pa t konnen sa k ta pral pase nan kèk tan apre sa. E m te kenbe men cheri li antan Zanj Bondye yo te pote l ale.

237 M t al lakay. M pat konn sa pou m fè. M te lonje la nan aswè e m te tande . . . M panse se te yon ti sourit, li te nan vye griy la kote n te gen kèk papye la. E m te fèmen pòt la ak pye m, e men kimono l ki te koke deyè l la, (e l te lonje anba la nan mòg sa). E jis yon ti moman apre yon moun te rele m, li di: “Billy!” E se te Frè Frank Broy. Li di: “Bebe w la ap mouri.”

Mwen di: “Bebe m lan?”

238 Li di: “Wi, Sharon Rose.” Li di: “Dòk la la kounye a, e l di: ‘Li gen menenjit tibèkiloz, li pran l nan tete manman l.’” E l di: “L ap mouri.”

239 M monte nan machin lan, m al lòtbò a. E men l te la, ti bagay tou dous la. E yo te prese mennen l lopital.

240 M t al wè li. Sam te monte epi l di: “Billy, piga w al nan chanm sa, ou dwe panse a Billy Paul.” Li di: “L ap mouri.”

Mwen di: “Dòk, mwen—mwen dwe al wè bebe m lan.”

241 Li di: “Non, ou pa ka antre.” Li di: “Li gen menenjit, Billy, e w ka pran l bay Billy Paul li.”

242 E m te ret tann jiskaske l te pati. M pa t ka sipòte pou wè li k ap mouri, e manman l lonje anba la nan ponp finèb la. Mwen di nou, chemen transgresè a di. E mwen—mwen te ale, m te glise kòm nan pòt la, e lè Sam ak enfimye a te pati, m te desann nan sousòl la. Se yon ti lopital tou piti. Li te nan yon kote izole, e mouch yo te nan ti je l yo. E yo te gen yon ti . . . sa nou rele yon “ba moustikè”, oswa yon ti moso twil sou je l yo. E l te . . . ak ti latranblad, ti bout janm li t ap bouje monte epi desann konsa, e ti men l yo, ak latranblad sa. E m te gade l, e li te jis ase gran pou l bèl, te nan ui mwa konsa.

243 E manman l te abitye mete l deyò la ak ti kouchèt li sou li, ou konnen, nan lakou a, lè m t ap vini. E m te konn sonnen klaksòn la, e li te konn fè: “gou-gou, gou-gou,” ap vin jwenn mwen, ou konnen.

244 E men cheri m nan te lonje la, ap mouri. Mwen bese gade l, e mwen di: “Sharry, ou rekonèt Papa? Ou rekonèt Papa, Sharry?” E lè l te gade . . . Li te sitèlman ap soufri rèd jouk youn nan bèl ti je ble sa yo te vin kwochi. Se kòm si kè m t ap rache soti nan mwen.

245 M te met ajenou, m di: “Seyè, kisa m fè? Èske m pa t preche Levanjil la nan kwen lari yo? Mwen te fè tout sa m te konnen pou m fè. Pa kenbe sa kont mwen. Mwen pa t janm rele moun sa yo ‘fatra.’ Se te li ki te rele moun sa yo ‘fatra.’” Mwen di: “Mwen regrèt tout sa k te pase. Padone m. Pa—pa pran bebe m lan.” E antan m t ap lapriye, se te tankou yon nwa . . . tankou yon dra oswa yon nap te desann. M te konnen Li te refize m.

246 Bon, se te peryòd ki pi di e ki pi tèrib nan vi m. Lè m te leve epi te gade li, e m te panse . . . Satan mete nan lespri m: “Ebyen, ou vle di pou jan w te preche ak tout fòs ou, e fason ke w te viv, epi kounye a lè se pou pwòp bebe pa w, Li pral refize w?”

247 E mwen di: “Se vre. Si L pa ka sove bebe m lan, alò m pa ka . . .” Mwen te rete. Mwen—mwen jis pa t konn kisa pou m fè. Epi m te di sa, mwen di: “Seyè, Ou ban mwen l e Ou rebran l, ke Non Seyè a beni! Menm si se mwen Ou pran, m ap toujou renmen W.”

248 E m mete men m sou li, mwen di: “Ke w beni, cheri. Papa te vle elve w, ak tout kè m mwen te vle elve w, e elve w pou renmen Seyè a. Men Zanj yo ap vini pou ou, cheri. Papa pral desann ti kò w e lonje l nan bra Manman. M pral antere w avè l. Yon jou Papa va rankontre w, jis ret tann anwo la ak Manman.”

249 Lè manman l t ap mouri, li te di, dènye pawòl li te di, li te di: “Bill, rete nan chan an.”

250 M di: “M ap . . .” Li te di . . . Mwen di: “Si m nan chan an lè L vini, m ap pran timoun yo e n a rankontre. Sinon, m ap antere bò kote w. Epi oumenm ale sou bò dwat gran pòtay la, e lè w wè yo tout ap antre, kanpe la e kòmanse rele: ‘Bill! Bill! Bill!’ jis byen fò otan w kapab. M ap rankontre w la.” M te bo l di l orevwa. Mwen nan chan batay la jodi a. Sa fè prèske ventan depi lè a. M gen randevou mwen ak madanm mwen, mwen pral rankontre l.

251 E m te pran ti bebe a, lè l te mouri, e m te mete l nan bra manman l, e nou te mennen l nan simityè. E m te kanpe la pou m tande Frè Smith, predikatè Metodis la ki te preche lan antèman an: “Sann tounen nan sann, e pousyè nan pousyè.” (E m te panse: “Kè tounen nan kè.”) La li te ale.

252 Pa twò lontan apre sa, mwen te mennen ti Billy la youn jou maten. Li te jis yon ti bout gason. Li te . . .

253 Se pou rezon sa li ret kole avè m e mwen ret kole avè l, m te alafwa toude Papa ak Manman (toude) pou li. M te konn pran ti boutèy li a. Nou pa t gen mwayen pou n te gen dife lannwit pou kenbe lèt li cho, e m te konn mete l anba do m konsa epi kenbe l cho ak chalè kò m.

254 Nou te ret kole ansanm tankou patnè, e youn nan jou sa yo lè m kite chan an mwen vle remèt li Pawòl la, e di: “Kontinye, Billy. Rete avè Li.” Kèk moun ap mande poukisa mwen genyen l avè m tout tan. Mwen pa ka lage l. Li menm marye, men mwen toujou sonje li te di m: “Ret avè l.” E nou kole ansanm tankou patnè.

255 M sonje m t ap f on ti tou vil la, boutèy la anba bra m, li te pran kriye. Yon jou swa li te. . . nou t ap mache deyò a nan lakou dèyè a kote jis. . . (Lè l te sou pwen akouche l, li t ap toufe, e mwen. . . jis yon timoun tifi, ou konnen.) E m t ap monte desann bò vye pyebwa chèn la nan lakou dèyè a. E li t ap kriye pou Manman l, e m pa t gen pyès Manman pou pote l bay. E m te pran l, m te di: “O, cheri.” Mwen di. . .

256 Li di: “Papa, kote manman m ye? Èske w te mete l nan tè sa?”

M di: “Non, cheri. Li trè byen, li nan Syèl.”

257 E l te di yon bagay la, tankou sa te touye m, yon apremidi. Li t ap kriye, li te byen ta nan aswè, e m t ap pote l sou do m *konsa*, ap pote l sou zepòl mwen epi taponnen l *konsa*. E l di: “Papa, tanpri al chache Manman epi mennen l isi a.”

E m di: “Cheri, m pa ka al chache Manman. Jezi. . .”

Li di: “Ebyen, di Jezi voye manman m pou mwen. Mwen vle l.”

258 E m di: “Ebyen, cheri, mwen. . . mwenmenm avè w nou pral wè l yon lè.”

E l te rete, li di: “Papa!”

E m di: “Wi?”

Li di: “Mwen wè Manman anlè a sou nyaj sa.”

259 O la la, se tankou sa te touye m! M te panse: “O la la! ‘M wè Manman anlè a sou nyaj sa.’” M te jis manke endispoze. M te sere ti bway la sou lestomak mwen *konsa*, e m te jis bese tèt mwen, m t antre anndan.

260 Jou te pase. M pa t ka bliye l. M te eseye travay. M pa t ka tounen lakay, li pa t yon lakay ankò. E m te vle rete. Nou pa t gen anyen apa jis vye mèb kraze sa yo, men se te yon bagay ke limenm avè m te jwi ansanm. Se te lakay.

261 E m sonje yon jou m t ap eseye travay nan sèvis piblik la. M t al ranje yon vye fil segondè, ki te detache, se te byen bonè nan maten. E m te grenpe sou kwa sa. (E m pa t ka bay bebe sa vag. M te ka wè madanm mwen ki prale, men bebe sa ki prale, jis yon ti bout bagay.) E m te anwo a la, e m t ap chante: “Laba a sou kolin la, yon vye Kwa djanm te kanpe.” E kab primè yo te desann jouk

nan transfòmètè a epi yo t al nan (ou konnen) fil segondè a. E m te pandye anlè la sou li. E m te rive gade, e solèy la t ap leve dèyè m. E la, men m te detire e siy Kwa sa sou—sou kolin la. M te panse: “Wi, se te peche m yo ki te mete L la.”

²⁶² Mwen di: “Sharon, cheri, Papa si tèlman anvi wè w, cheri. Ala m ta renmen kenbe w nan bra m ankò, ti bagay cheri tankou w.” M pa t nan mwen menm. Sa te fè plizyè semèn. M te retire gan an kawoutchou m lan. Gen de mil twa san vòlt ki t ap kouri dwat bò kote m. M te retire gan an kawoutchou m lan. Mwen di: “Bondye, mwen rayi fè sa. Mwen se yon lach.” “Men, Sharry, Papa pral wè w ak Manman nan jis kèk minit.” M te kòmanse retire gan m lan, pou m mete men m sou de mil twa san sa. Sa t ap kraze. . . Franchman, ou pa t ap menm gen okenn san ki rete nan ou. E alò mwen—mwen—mwen te kòmanse retire gan sa, e yon bagay te rive. Lè m retounen nan mwenmenm, m te chita atè a ak menm yo anlè *konsa*, nan figi m, ap kriye. Se te gras Bondye, osinon mwen pa t ap gen yon sèvis gerizon isi a, mwen si de sa. Se te Li ki t ap pwoteje don Li, pa mwen.

²⁶³ M te rantre lakay. M bay demisyon m, m mete zouti m yo lwen. E m te retounen, m di: “M pral lakay.”

²⁶⁴ M te rive bò lakay la, e m te ranmase lèt lapòs yo lakay, li te on jan fè frèt, e m te antre. Nou te gen yon sèl ti chanm, m t ap dòmi sou yon ti branka la, e jèl la t ap vini, ak vye fou sa. Mwen te pran lèt yo e m te gade nan lèt yo, e premye bagay la sou yo se te ti lajan li te sanble pou Nwèl, katreven kòb, “Miss Sharon Rose Branham.” Men l te la, toupatou ankò.

²⁶⁵ M te gad chas. M t al anndan la e m te pran za m mwen, revolvè m, retire l nan fouwo a. M di: “Seyè, mwen—mwen pa ka sipòte sa ankò, m ap—m ap mouri. Mwen—mwen sitèlman toumante.” M te baskile zam lan, mete l sou tèt mwen, mete ajenou la sou branka sa nan chanm fè nwa sa. M di: “Papa nou Ki nan Syèl la, se pou Non Ou beni. Se pou Wayòm Ou vini, se pou volonte Ou fèt,” e antan m t ap eseye, e m te peze sou gachèt sa fò otan m kapab, m di: “sou tè a tankou nan Syèl la. Ban nou jodi a pen nou bezwen chak jou.” E li pa t vle pati!

²⁶⁶ E m te panse: “O Bondye, èske W jis ap rache m an myèt moso? Kisa m fè? Ou pa menm vle kite m mouri.” E m te jete zam lan, e l te pati e l te tire nan chanm lan. M di: “Bondye, poukisa m pa ka mouri epi soti nan sa? M jis pa ka al pi lwen. Ou dwe fè yon bagay pou mwen.” E m te tonbe e m te kòmanse kriye sou vye ti kabann mwen an, ki tou sal la.

²⁶⁷ E m dwe t ap dòmi. M pa konn si m t ap dòmi oswa sa k te pase.

²⁶⁸ Mwen te toujou anvi al nan Lwès. M te toujou vle youn nan chapo sa yo. Papa te drese chwal lè l te jèn, e m te toujou vle gen youn nan chapo sa yo. E Frè Demos Shakarian te achte youn pou

mwen yè, se te premye ke m te genyen (te janm genyen) konsa, youn nan jan de chapo kòbòy sa yo.

269 E m te panse m t ap desann nan savann lan, ap chante chan sa: “Gen yon wou nan charyo a ki kraze, yon afich nan rantch lan, ‘Pou Vann.’” E antan m t ap avanse, m te remake yon vye charyo ki te kouvri, tankou yon vye charyo savann kouvri ak yon vwal, e wou a te kraze. Natirèlman, sa te reprezante fanmi m ki kraze. E antan m te pwoche, m te gade, e te gen yon—yon jèn fi, rèyèlman bèl ki te kanpe la, nan ventan yo, cheve blan lage ak je ble, abiye an blan. M te voye je gade l, m di: “Kòman w ye?” M te kontinye mache.

Li di: “Alo, Papa.”

270 E m te vire tounen, m di: “Papa?” “Enben,” m di: “kòman, Madmwazèl, ou ka . . . mwen ka papa w alò ke w gen menm laj avè m?”

271 Li di: “Papa, ou jis pa konn kote w ye la.”

E m di: “Kisa w vle di?”

272 Li di: “Sa se Syèl la.” Li di: “Sou latè mwen te ti Sharon ou an.”

“Men,” mwen di: “cheri, ou te jis yon ti bebe.”

273 Li di: “Papa, ti bebe pa ti bebe isi a, yo imòtèl. Yo pa janm vyeyi ni janm grandi.”

274 E m di: “Ebyen, Sharon, cheri, ou—ou se yon bèl, jèn dam.”

Li di: “Manman ap tann ou.”

E m di: “Ki kote?”

Li di: “Anwo nan kay tou nèf ou a.”

275 E m te di: “Kay tou nèf?” Branham yo se vagabon, yo pa gen kay, yo annik . . . E m di: “Ebyen, m pa t janm gen yon kay, cheri.”

276 Li di: “Men ou gen youn anwo isi a, Papa.” M pa vle aji tankou yon bebe, men li jis tèlman reyèl pou mwen. [Frè Branham ap kriye—Editè a.] Antan m te kòmanse ap panse a sa, sa te retounen o konplè ankò. Li di: “Ou gen youn isi a, Papa.” M konnen mwen gen youn lòtbò a, yon jou mwen pral ladan l. Li di: “Kote Billy Paul, frè mwen?”

277 E m di: “Ebyen, mwen kite l kay Madam Broy, sa fè jis kèk minit.”

Li di: “Manman vle wè w.”

278 E m te vire gade, e la te gen gran gwo palè, epi Glwa Bondye te toutotou yo. E m te tande yon koral Zanj ap chante: “Lakay mwen, Lakay dous.” E m te kòmanse monte yon eskalye long, ap kouri jis ak tout fòs mwen. E lè m te rive nan pòt la, men l te kanpe la, yon rad blan sou li, cheve nwa sa, long, desann sou to l. Li te leve bra l yo, tankou l te toujou fè lè m antre lakay tou bouke sot nan travay oswa yon bagay. Mwen te pran men l, e m

di: “Cheri, m te wè Sharon anba la.” M di: “Li fè yon bèl tifi, pa vre?”

279 Li di: “Wi, Bill.” Li di: “Bill.” Li vlope m ak bra li, (e li di) jis antoure zepòl mwen, li te kòmanse taponnen m, li di: “Sispann trakase w pou mwen ak Sharon.”

Mwen di: “Cheri, sa twòp pou mwen.”

280 Li di: “Kounye a Sharon avè m pi byen pase w.” E l di: “Pa trakase w pou nou ankò. Ou vle pwomèt mwen?”

281 E m di: “Hope,” m di: “M te tèlman santi m poukont mwen pou ou ak Sharon, e Billy ap kriye tout tan pou ou.” M di: “M pa konn sa pou m fè avè l.”

282 E li di: “Tout bagay pral byen, Bill.” Li di: “Jis pwomèt mwen ou pa p trakase tèt ou ankò.” E li di: “Ou pa vle chita?” E m te gade toutotou e te gen yon gwo gwo fotèy.

283 E m sonje m te eseye achte yon fotèy. Kounye a, pou m fini. M te eseye achte yon fotèy yon fwa. Nou te jis gen vye—vye chèz an bwa òdinè sa yo kòm mèb pou pran dejene. Nou te oblije itilize yo, se sèl chèz nou te genyen. E nou te ka achte youn nan chèz sa yo ke nou kage do al dèyè a, tankou yon . . . Mwen bliye ki jan de dodin. E l te koute disèt dola, e w te ka peye twa dola depo e yon dola pa semèn. E n te achte youn. E, o, lè m te konn antre . . . M te konn travay tout jounen, epi preche jiska minwi nan lari yo e nenpòt kote m te ka preche.

284 E—e mwen yon jou m te anreta nan pèman m yo. Nou pa t gen mwayen, e jou apre jou t ap pase, e finalman yon jou yo te vini e yo te pran fotèy mwen an e yo t ale avè l. Jou swa sa, mwen pa p janm bliye, li te prepare yon tat ak seriz pou mwen. Pòv vyep ti bagay, li—li—li te konnen mwen ta pral gen desepsyon. E apre soupe a mwen di: “Poukisa ou janti konsa aswè a, cheri?”

285 E li di: “Tande, m te fè ti gason yo nan vwazinaj la al detere pou ou kèk vètè pou lapèch. Ou pa panse nou ta dwe al anba nan rivyè a epi fè lapèch on ti moman?”

E m di: “Wi, men . . .”

286 E l te kòmanse kriye. M te konnen te g on bagay ki pa t mache. M te gen yon lide paske yo te deja voye yon avi pou mwen ke yo t ap vin pran l. E nou pa t ka fè pèman on dola sa pa semèn. Nou pa t kapab, pa t . . . pa t ka peye li. Li te vlope m ak bra l, e m t al nan pòt la e fotèy mwen an te pati.

Li te di m anwo Lòtbò a, li di: “Ou sonje fotèy sa, Bill?”

E m di: “Wi, cheri, m sonje.”

Li di: “Se a sa ou t ap panse, pa vre?”

“Ya.”

287 Li di: “Ebyen, yo pa p pran sa a, sa a peye.” Li di: “Chita jis on minit, m vle pale avè w.”

E m di: “Cheri, mwen pa konprann sa.”

288 E li di: “Pwomèt mwen, Billy, pwomèt mwen ke w pa p trakase tèt ou ankò. W ap retounen kounye a.” E l di: “Pwomèt mwen ou pa p trakase tèt ou.”

E m di: “Mwen pa ka fè sa, Hope.”

289 E jis menm lè a mwen reprann tèt mwen, te fè nwa nan chanm lan. M te vire gade, e m te santi bra l vlope m. M di: “Hope, èske w isi a nan chanm lan?”

290 Li te kòmanse taponnen m. Li di: “Ou pral fè m pwomès sa, Bill? Pwomèt mwen ou pa p marye . . . trakase tèt ou ankò.”

Mwen di: “Mwen pwomèt ou.”

291 E lè sa menm li te taponnen m de ou twa fwa, epi l te pati. M te vòltije kanpe e m te limen limyè a, gade toupato, li te pati. Men li te jis pati kite chanm lan. Li pa pati, li toujou ap viv. Li te yon Kreytyèn.

292 Billy avè m t al sou tonm lan isi a sa fè on ti tan, t ap pote yon ti flè pou manman l ak sè l, jis nan yon maten pou Pak, e l te kanpe. Ti bway la te kòmanse kriye, li di: “Papa, manman m anba la.”

293 Mwen di: “Non, cheri. Non, li pa anba la. Sè w pa anba la. Nou gen yon tonm ki fèmen isi a, men byen lwen lòtbò lanmè a gen yon tonm ki louvri kote Jezi te resisite. E yon jou Li pral vini, Li pral mennen Sè ak Manman avè L.”

294 Mwen nan chan batay la jodi a, zanmi. Mwen—mwen jis pa ka di plis ankò. Mwen . . . [Frè Branham ap kriye—Editè a.] Bondye beni nou. An n bese tèt nou yon minit.

295 O Seyè! Anpil fwa, Seyè, mwen sèten moun yo pa konprann, lè yopanse bagay sa yo vini ak fasilite. Men gen yon gran jou k ap rive kote Jezi va vini e tout chagren sa yo va disparèt. Mwen priye, Pè Selès, ke Ou va ede nou pou n pare.

296 E dènye pwomès sa, lè m te bo li sou machwè li jou maten sa, ke m ta va rankontre l la jou sa. Mwen kwè li pral kanpe nan pozisyon sa, ap rele non mwen. Mwen te viv fidèl a pwomès sa depi lè a, Seyè, nan tout mond lan, nan tout kalite kote, ap eseye pote Levanjil la. M ap granmoun kounye a, e m fatige, mwen bouke. Youn nan jou sa yo mwen pral fèmen Bib sa pou on dènye fwa. E, Bondye, fè m ret fidèl a pwomès la. Toujou vlope m ak gras Ou, Seyè. Pa kite m gade bagay vi sa, men ke m viv pou bagay ki pi wo. Ede m pou m onèt. Mwen pa mande pou yon kabann ak flè byen fasil, non, Seyè, alò ke Kris mwen an te mouri la anba soufrans. E tout rès nan yo te mouri konsa. M pa mande pou okenn bagay fasil. Jis kite m onèt, Seyè, pou m di laverite. Kite moun yo renmen m pou m ka mennen yo ba Ou. E yon jou lè tout bagay fini e nou va rasanble anba pyebwa ki toujou vèt yo, mwen vle pran men l e mache avè l, pou montre moun Tanp Angelus yo ak tout lòt yo. Se va yon gran moman lè sa.

297 Mwen priye ke mizèrikòd Ou rete sou chak nan nou isi a. E sila yo ki isi a, Seyè, petèt pa menm konnen W. E petèt yo gen kèk ti byenneme lòtbò lanmè a la. Si yo pa t janm akonpli pwomès yo, ke yo fè l kounye a, Seyè.

298 Pandan nou gen tèt nou bese, mwen mande m nan kokenn chenn oditoryòm sa apremidi a, konbyen nan nou ki di “Frè Branham, mwen vle rankontre byenneme m yo, tou. Mwen—mwen—mwen gen kèk byenneme jis lòtbò rivyè a la”? Petèt ou te fè yon pwomès ke w t ap rankontre yo, petèt lè w te di Manman “orevwa” laba a sou tonm lan jou sa, petèt lè w te di ti Sè “orevwa,” oswa Papa, oswa kèk nan yo sou tonm lan, ou te pwomèt ou t ap rankontre yo, e ou—ou potko janm fè preparasyon sa. Ou pa panse se yon bon moman kounye a pou fè sa?

299 Eskize feblès mwen. Men, o la la, ou pa reyalize, zanmi. Ou pa konnen ki—ki sakrifis! Sa pa menm yon ti lòsyè, apèn, nan istwa vi m.

300 Konbyen nan nou ta renmen m leve kounye a epi mache vin isi a pou priye, di: “Mwen vle rankontre byenneme m yo”? Leve soti nan oditwa a epi vin bò isi a. Èske w vle fè sa? Si yon moun poko janm fè preparasyon sa. Bondye beni w, mesye. M wè yon mesye nwa granmoun k ap vini, lòt ap vini. Bouje kò nou, nou menm ki nan balkon yo anwo la, jis deplase dwat la nan ale a. Oswa leve kanpe, noumenm ki vle yo sonje nou nan yon mo priyè jis kounye a. Se sa. Kanpe dwat la sou pye nou. Se byen. Leve kanpe, toupatou, oumenm ki t ap di: “Mwen gen yon papa lòtbò a, mwen gen yon manman oswa yon byenneme lòtbò a. M vle al wè yo. M vle rankontre avè yo an pè.” Nou vle leve, jis leve kanpe sou pye nou, nenpòt kote nan asanble a. Leve kanpe sou pye nou, di: “Mwen vle aksepte.”

301 Bondye beni w, madam. Bondye beni w dèyè la. E ke w beni anwo la. Seyè a beni w isi a, mesye. Se sa. Anwo a nan balkon an, Seyè a beni w. Alawonnbadè, toupatou, leve kanpe sou pye nou kounye a pou n gen yon mo priyè, pandan Sentespri a isi a epi ap deplase sou kè nou, pou—pou—pou petri l.

302 Ou konnen, sa legliz la bezwen jodi a se yon kè brize. Nou bezwen desann al Kay Potye a. Teyoloji lakay byen rèd nou an pafwa pa mache pi byen pase sa. Sa nou bezwen se yon kè brize a lansyèn mòd, repantans nan kè nou, pou vin dou devan Bondye. Èske se tout sa yo kounye a ki pare pou kanpe?


An n bese tèt nou alò pou n priye.

303 O Seyè, Ki te resisite Jezi pou . . . sot nan lanmò, pou jistifye nou tout pa lafwa, lè nou kwè. Mwen priye, Seyè, ke sila yo ki kanpe kounye a sou pye yo aksepte W, mwen priye ke padon va akòde a yomenm. E, O Seyè, mwen priye ke yo va aksepte W kòm Sovè yo ak Wa yo ak Amoure yo, e petèt yo gen yon manman oswa yon papa oswa yon moun jis lòtbò lanmè a. Gen yon bagay ki sèten, yo gen yon Sovè. Ke peche yo ka padone, e tout inikite

yo efase, pou nanm yo ka lave nan San Ayo a, e yo ka viv anpè apati de kounye a.

³⁰⁴ E yon jou glorie lè tout bagay fini, ke nou rasanble Lakay Ou, e pou nou la tankou dè fanmi ki ini, pou rankontre byenneme nou yo k ap tann nou lòt kote a. Sa, nou remèt yo ba Ou, ke “Ou va kenbe nan lapè pafè sila ke kè l rete sou Li.” Akòde l, Seyè, pandan nou remèt yo ba Ou. Nan Non Pitit Ou a, Seyè Jezi a. Amèn.

³⁰⁵ Bondye beni nou. Mwen sèten ke asistan yo wè kote nou kanpe, e yo pral vin jwenn nou nan kèk minit.

³⁰⁶ E kounye a a sila yo ki pral resevwa kat priyè yo. Billy, kote Gene ak Leo, yo dèyè a? Yo isi a pou distribye kat priyè yo jis nan kèk minit. Frè a pral voye asanble a ale nan lapriyè, e yo pral distribye kat priyè yo. Nou pral tounen isi a jis nan yon ti moman, pou priye pou malad yo. Dakò, frè. 

ISTWA VI M CRE59-0419A
(My Life Story)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on dimanch apremidi 19 avril 1959, nan Angelus Temple ki Los Angeles Kalifòni U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2020 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org